

DLO TOUJOU PREZAN K

AP SOTI NAN WOCHÈ A



Nou gen rekonesans maten an pou Prezans Bondye Seyè a, ki ta kòmanse sèvis anvan yo ak yon mesaj yo te bannou, ke—ke nou ta dwe “koutè, gen respè” devan L, ke Li gen yon bagay pou di nou. Mwen sèten ke L ap fè sa L te pwomèt. Li toujou kenbe Pawòl Li. E konsa nou gen rekonesans poutèt nou rasanble ansanm, vivan, sou bò kote Letènite sa a maten an, ak posiblite pou adore Seyè a ankò, epi pou rasanble tèt nou ansanm pou ap tande sa k vin de Li. Sa se rezon kifè nou vin ansanm, se pou bi sa a menm.

² Kounye a, m te on jan debake sou Frè Neville, san atann, jodi a, akoz yon rèv kèlkonk ke m te fè. Sè ke . . . Mwen kwè nan . . . Mwenmenm . . . nan rèv. Mwen kwè Bondye trete ak moun pa mwayen sonj. E m te fè yon sonj trè inabityèl, avan yè swa. Kote, m t ap monte yon ti mòn, yon ti mòn kèlkonk, m ta pral nan yon plas pou manje kote m te dwe pran dine mwen—mwen. E m te remake ke, pandan m t ap vin toupre plas la, yo t ap jwe mizik, yon òkès t ap jwe mizik, ak vyolon, pou ap distè moun yo pandan yo t ap manje. Epi te gen yon bagay konsènan sa ke m pa t renmen, kifè m te jis pase sou bagay la. Mwen te rankontre yon moun ki t ap monte yon ti mòn. Epi m te gade, e anpil moun t ap monte ti mòn lan pou al kote pou manje sa a. Men mwen te on jan elwaye m de yo, m te retounen adwat, oswa, agoch.

³ Epi kanmenm, anba a nan vale a, m te ka wè tabènak la. Mwen te tande vwa yon moun, ki te di, “Al rankontre Frè Branham nan tèl-tèl kafou. L ap desann sot sou ti mòn lan la a. Epi di l tèl-tèl bagay.” E m te depeche m pou rive nan kafou sa a.

⁴ E lè moun lan te rive, se te Frè Neville ki te abiye ak kostim mawon l lan, li te sanble a jis jan l chita la a maten an. E li te di, “Frè Branham, si w gen pou vin nan vil la,” li te di, “se t ap yon—yon bon bagay pou w desann anba a, paske Frè Hank . . .” Bon, sèl moun mwen konnen, kòm Frè Hank, se Frè Henry Carlson, nou rele l Hank. Li te di, “Li ka twouve sa etranj ke w pa t vizite tabènak la pi plis si w pral nan viwonn vil la, oswa nan viwonn lan pandan kèk jou.” Mwen te reveye.

⁵ Epi, poutèt sa, m te santi m on jan etranj. M pa t vle kontrarye moman sa nan semèn lan, opwen ke m te mande Frè Neville si l te gen yon bagay espesyal pou maten an, pou legliz la. Kifè li te trè janti, kòm toujou, li te di, “Ou mèt desann.” Konsa, nou te jis

vini. Mwen te rele l byen ta yè apremidi, e m te vini maten an, san okenn nan nou te atann.

⁶ Kounye a mwen kwè ke se t ap yon bon bagay, dabò, pou m jis on jan ap—ap eksplike w kèk bagay. Mwen se, sipozeman, yon moun trè etranj pou anpil moun. E mwen on jan etranj pou pwòp tèt mwen, tou. Paske, m ap eseye swiv direksyon Sentespri a, jis osi pwòch ke m kapab. E sa rann nou etranj, ou wè. Nou konn fè dè bagay ki fè nou—nou reyèlman chita pou ap mande pafwa, “Poukisa m te fè yon bagay konsa? Kijan m te fè janm fè yon bagay konsa?” E la menm ou ka panse ke w te fè egzaktman sa w pa t dwe fè. Men si w jis pran pasyans, epi gen lafwa, epi ou sèten ke Bondye te konduit w pou fè sa, ou va reyalize ke sa fonksyone jis kòrèk egzaktman. Ou wè? E anpil fwa nou konstate sa. E m konnen Frè Neville te konstate sa, plizyè fwa. E lidè ak moun espirityèl yo reyalize sa.

⁷ Sa fè kèk tan nan vi m ke . . . Franchman, depi m te jis yon ti gason, m pa t janm santi m gide pou m viv nan—nan Jeffersonville. Sa te toujou yon pwoblèm, pou mwen pou m ap eseye viv isi a. Premye bagay la, klima a pa fè m ditou. Yon lòt bagay, sanble gen yon decourajman despri.

⁸ Si w retounen pou gade kèkpa la a, si sa pa t detwi pandan tan inondasyon an, gen yon lèt nan sans sa a, ke m te genyen, dabò lè yo te rele m nan ministè a, mwen t ap prepare pou pati. Frè George DeArk avèk mwen . . .

⁹ Ak manman Frè Graham Snelling, Frè Hawkins ki pwopriyetè ponp gazolin nan New Albany a, ak anpil moun yo, te rankontre m deyò yon ti kote pou reyinyon priyè isit la. E yo te menm di, si m t ap rete, yo t ap redui sou manje pitit pa yo, pou—pou bati yon tabènak, konsa yo pa t ap gen pou yo ap deplase de yon plas a lòt.

¹⁰ Lè m te tandè ti manman sa, ak yon ti bebe ki kenbe men l epi lòt la nan bra l, ap di ke li t ap prè pou redui sou manje timoun li yo, pou yo te ka bati yon plas kote yo te ka rete pou adore, sa te yon ti kras twòp pou m sipòte. Kifè Frè George avè m te reyini ansanm epi nou te deside ke nou t ap rete pou bati tabènak la.

¹¹ E lè yo te bati tabènak la, toujou on dirè . . . Jou maten m te fè dedikas tanp lan, yon vizyon te vini, ki te ekri anndan pyè angilè a la a, lè Sentespri a te di m, “Sa a se pa tabènak ou a.” Ou wè? E m te mande ki kote tabènak pa m nan te ye, epi Li te plase m anba syèl ble klere a. E apres a Li te di, “Fè travay yon evanjelis,” e latriye, jan nou konnen an. Sa te menm ekri nan liv.

¹² Tout bagay sa yo mete ansanm. E yon jou lè m t ap koupe zèb nan lakou a la a kote Frè Wood rete kounye a, bèlmè m t ap viv la a lepòk; M te chita sou machpye dèyè a, yon ansyen ti machpye anbeton, e m te bati ti plas sa a la pou bèlmè m. E manzè te yon sòt de konsyèj legliz la nan moman sa a, pou ap okipe l de li. E jis osi klè ke nenpòt moun te ka pale, yon Vwa te pale avè m, pou di,

“Mwen p ap janm ka beni w toutotan ou rete la. Ou oblije separe tèt ou de moun ou yo epi de kote sa a.” Ebyen, mwen menm, sa te jis dechire m an myèt moso, pandan apeprè yon semèn ou plis.

¹³ Sanzarè, tout tan, yon Bagay te konn avèti m, “Pati ale, pati ale. Deplase al nan lwès. Kontinye al nan lwès.” Ebyen, mwen . . . Sa te ap trakase m. E sanble ke a chak fwa . . .

¹⁴ Bon, m te rann sa klè nan panse m ke semèn sa a m t ap pran avyon pou m al Tucson, kote m te gen pou lwe yon plas, pou m te la ivè sa a; pou mete timoun yo lekòl, k ap kòmanse an septanm. M te jwenn plas la. Te menm gen yon plas ke yo te ban m la a. Men gen yon bagay ke . . . E—e si m ta pati lwen . . .

¹⁵ Yon lòt bagay m ta renmen di. Jis anvan nou te bati kay sa anwo a la a, presbitè a, kote l ye kounye a, m pa t vle bati la a. Manman madanm mwen te aje. E manzè te menm kriye parapò a sa, li te di, “Mwen jis pa ka kite manman m la, konsyan ke li aje, epi li ka pa jwenn swen.” Ebyen, mwen te konprann sa. Mwen konprann. Se manman l, e se sèl manman li te janm genyen, oswa l ap janm genyen. Kidonk, mwen te konprann sa. Kifè mwen—mwen te priye Seyè a, mwen te di, “Seyè, poutèt mwen pa renmen plas la,” Mwen te di, “Rann mwen satisfaksyon. M pral nenpòt kote Ou vle m ale, apati de nenpòt kote a. Men m pa vle fè madanm mwen lapenn, pou m mennen l lwen isit la, nan yon peyi etranje kote l pa konn pèsonn. Epi mwen pati tout tan, detoutfason. Jis rann mwen satisfè pou m isit la avè l.”

¹⁶ E kounye a, lè manman l te pati, e ke li t al nan Laglwa, alò men gwo ankourajman an ankò, ou wè, kounye a pou avanse. M pa konn kisa pou m fè.

¹⁷ E apres la lòt jou lè doktrin sa a ke frè yo te kòmanse toutotou, M te kanpe dèyè chè a dènye fwa m te isi a pou m te di nou ke m pa t ap nan chan misyon an osi lontan ke sa t ap kontinye. Kifè, frè yo te redrese tout bagay sa yo nèt avèk klas. Tout bagay te klarifye. Anndan vennkatrè, tout bagay te fini.

¹⁸ Kounye a sa louvri chan misyonè a ankò pou mwen. M pa konn kisa pou m fè. M pa konn nan ki direksyon pou m tounen. Mwen te mande Seyè a yon vizyon. Mwen te mande L pou di m kisa pou m fè. Men Li te jis kite m chita.

¹⁹ Kounye a, yè swa lè m te fin fè tout timoun yo ale, madanm mwen ak yo tout, depi lakay, mwen te pran yon angajman devan Bondye Seyè a. E m te di Bondye Seyè, “Si W beni m nan chimen m ap pran an, m ap sèvi W. Men W ap gen pou montre m ki kote pou m ale, e kijan pou m ale, e kisa pou m fè.” Kifè, m te remèt tèt mwen nan men Seyè a. Avèk—avèk ministè a ak tout bagay, mwen te remèt sa bay Seyè a. Epi m te di, “Kèlkeswa kote W louvri, kèlkeswa sa W fè, m ap mache nan santye sa. Jouk Ou fè yon chimen, m ap jis kontinye jan m ye a jiskaske Ou fè chimen an.” E m te mande L pou fè l tèlman klè ke m pa t ap sedui lè sa,

paske mwen vrèman kwè ke nou egzakteman nan yon kafou kote pou yon bagay rive.

20 M te tande Frè Neville pwofetize sa maten an isi a, oswa te bay li kote m te konnen l te ye a—se te a yon pwofesi ke li t ap refere. Kidonk, poutèt sa, mwen te priye pou nou tout, e mwen bezwen pou nou tout priye pou mwen, pou ke Sentespri a kondui m jis egzakteman kote m ta dwe ale, kisa m ta dwe fè, konsa mwen p ap fè okenn erè.

21 Ou wè, anpil fwa, moun yo panse ke se yon don pwofetik, ke Bondye jis di “M ap pran w dirèk *isi a*, epi mete w anba *la a*. Bon ou jis ale drèt *laba a*.” Li pa di w tout bagay sa yo. Si L te fè sa, alò ki fwa pou viktwa ou t ap genyen? Ou wè? Ou wè, nou menm, Li kite nou rete poukont nou plis ke nenpòt lòt moun. Ou wè? Nou tout ka vin kote m pou mande kèk bagay, e Li pa t janm fayi poutan sinon ke pou Li ba ou repons lan. Se vre. Ya. Men mwen ka mande L bagay pou tèt pa m e anpil fwa Li jis kite m poukont mwen, ou wè, jis kite m ale epi rantrè ladann.

22 Mwen gen de bagay kounye a ke m oblije rezoud mwen menm, epi desizyon ke m oblije pran. E sa tèlman enpòtan, nan pwen ke m pa ka fè l jouk egzakteman mwen sèten ke se Li k ap pale avè m. E mwen—mwen. . . Li p ap ban m yon vizyon. Li jis kite m poukont mwen. Kifè mwen jis rete tankou yon òfelen, tankou, maten an, mwen—mwen pa konn nan ki direksyon pou m vire. Kidonk, mwen te remèt sa bay Seyè a.

23 Mwen—mwen te santi m lè sa a tankou, nan reve sa, mwen ta dwe retounen isi a nan tabènak la pou ede Frè Neville jouk yon lòt bagay te jis rive sou wout la. Konsa, m ap la.

24 Mwen te mande Frè Neville kèk moman de sa, “Kijan legliz la t ap pwogrese?”

Epi li te di: “Byen.”

25 E kidonk mwen tande ke nou toujou gen don espiritiyèl ak lòt bagay pami nou, k ap opere, don pwofesi, ak—ak pale an lang, epi entèpretasyon lang, ke nou te fèk tande kèk moman de sa. E bagay sa yo ap edifye legliz, epi an gran.

26 Men mwen te panse, petèt aswè a mwen ta ka, si Frè Neville. . . Si Sentespri a pa kondui nou a yon bagay diferan, aswè a mwen ta renmen gen yon. . . Nou tout, anvan nou kite maten an, pou ekri yon kesyon epi depoze l la, kèk kesyon nan panse w, pou nou ka wè a kisa legliz la ap panse. Sa se apeprè fason pastè yo genyen pou yo jis dekouvri sa k nan kè moun yo. Epi nou chak avèk kesyon nou, ekri l epi depoze l la a. Si w pa gen yon moso papye pou—pou fè sa maten an, alò ekri l aswè a, bonè. Kidonk, m ta renmen pase jis ase tan m te kapab, sou yo, pou byen gade yo epi reponn ou dapre Lekriti.

27 Alò si Seyè a vle, si se volonte Bondye, mwen te fè yon deklarasyon isi a sa pa fè lontan, ke m ta renmen pale avèk nou

sou sèt dènye So yo . . . nan Apokalips. Kounye a si nou . . . Mwen pa t ka pase atravè tout So sa yo ane sa, paske sa etann apati de chapit 6 Apokalips la, epi ale nan—nan chapit 19 la, pou w pase atrevè So sa yo. Men twa oswa kat premye yo te ka reponn nan yon nwit, mwen kwè, chak So se yon nwit.

²⁸ Kounye a, si nou konprann, ou wè, kote nou te rete drèt nan Liv Apokalips sa a, se kote Legliz la te anlve al nan Laglwa, apresà rès la ap trete ak Jwif yo, pa ak Legliz la ditou. Sa gen rapò ak nasyon Jwif la. Se poutèt sa nou dwe retounen desann, soti nan Anlèvman Legliz la, pou pran . . . Nou wè la sa k te rive pandan So sa yo, ak tan Legliz Moun lòt Nasyon yo. Legliz la te deja pati; epi ak nasyon Izrayèl la, sa tounen desann pou mennen Izrayèl depi tan sa te kite yo a, jiska tan modèn lan; e Mesi k ap vini an, lè yo va resevwa Mesi a.

²⁹ Bon nou sezi sa? Legliz la te anlve. Bondye te trete an premye ak Legliz, Aj Legliz yo. Nou te wè sa. Apresà Legliz t al nan Laglwa. Lè sa Sentespri a retounen pou trete ak Izrayèl, kòm yon nasyon. E te desann avè l jiske la, pandan Soupe Nòs la ap dewoule, pou mennen Yo retounen ankò nan fen tan sa a. M ap pran tablò m, pou m ka desinen l epi anseye l, lè moman an va rive. Apresà Seyè a retounen avèk Lepouz, e Izrayèl ap wè L. Epi, o, ala yon moman sa va ye!

³⁰ Bon, anvan pou nou ka fè lyen sa a korèkteman, gen yon gwo leson ke anpil teyolojiyen bite sou li ak anpil lòt, epi anseyan pandan tout aj la, epi moun Legliz de Kris yo ak sa yo k ap vin tandè sa a, se, Swasanndis Semèn Danyèl yo. Nou te gen . . . Nou pa ka ale pi lwen nan Apokalips osi lontan nou pa lye Lepouz ak Izrayèl ansanm ak Swasanndis Semèn Danyèl yo. E petèt, si Bondye vle, pou ke si L ta va pale avè m alavni, pou pale sou kèk nan Swasanndis Semèn sa yo . . . oswa, pa Swasanndis Semèn yo, men sèt dènye So yo. Alò dimanch pwochen, m ap eseye pran Swasanndis Semèn Danyèl yo, dimanch pwochen, si Seyè a vle. E alò sa va prepare teren an lè sa, si L ta kondui nou, pou kòmanse ak lòt yo. Ebyen, n ap wè kisa sa va ye nan moman sa a.

³¹ Frè Neville avè m pral travay ansanm sou sa, pou ap fè tout sa nou kapab pou benefis moun yo.

³² Kounye a, chak fwa nou retounen, n ap priye pou malad yo, nou toujou kontan fè sa. E pwobableman m ap fè sa a chak reyinyon, si moun yo malad, pou priye pou yo.

³³ M pa vle gen okenn reyinyon disèneman ankò. Ou wè, bon men sa k te pase. Mwen te eseye. E mwen konnen mwen te fè de bagay ki pa t sa; men mwen t ap eseye viv ase pwòch Bondye, tout tan, toupre Bondye, se konsa vizyon sa yo t ap vini, jan yo t ap rive. Menm lè moun ta pèdi bagay yo, pou ap rele m, mande m pou al priye Seyè a, pou mande kote yo te ye. Tankou Jese ki te pèdi milèt yo, e jenn gason yo te desann al jwenn pwofèt la, e li te di yo ki kote milèt yo te retounen al lakay. E latriye konsa tout tan,

sa pafètman kòrèk. Men li te sitèlman benefik, ke anpil moun. . . Pa jis nan lokalite tankou sa; se toupatou nan mond lan, ou wè. Kidonk sa jis te vin, kenbe m nan yon eta, epi apre sa kenbe w sou tansyon tout tan, jouk sa te rive nan yon pwen. . .

³⁴ E se sa ki te lakòz frè yo te kòmanse doktrin sa, ke mwen te Seyè Jezikri enkane a. E nou konnen ke sa t ap jis kraze Ministè a an myèt moso, epi menenn lawont sou Kris ak tout bagay. Ou wè? Kifè se poutèt rezon sa a mwen te oblije sekwe yo byen fò, pou rete sa touswit, pou fè yo konnen ke sa pa t vin de Bondye, ke sa te vin de dyab la. Ou wè? E yo se bon moun. E sa te montre ke moun sa yo ne de nouvo ak Lespri Bondye, paske, lè yo te wè Verite a dapre Lekriti, yo te retounen a Bondye, egzakteman, ou wè, imedyatman. Kifè, sa te montre ke se te Satan ki t ap eseye fè yon bagay ak moun yo; yo tout te Kreyen, ki gen krentif.

³⁵ E sa te fè anpil ladan yo di m, “Frè Branham, nou gen plis konfyans nan ou kounye a ke nou te janm genyen.”

³⁶ Paske ou wè, kisa, ak don ke Bondye ban mwen an, kisa m te ka fè ak sa? Li te met nasyon an nan pye m, oswa, moun yo. Sa nou rele *nasyon an*, se pa “kosmos” deyò a la, chè a—a kanon e latriye. Mwen vle di Kreyen, vrè kwayan an, sa se krèm lan. . . N ap pale de *nasyon*, n ap preche konsènan “moun ki ne de nouvo yo,” se de sa n ap pale, de nasyon an. Se pa jis tout moun deyò a la, ki sitèlman souye epi deprave k ap viv nan mond lan, sa se jis—sa se jis pousyè tè a k ap retounen nan pousyè. M ap pale de Kreyen ki ne de nouvo, moun ki se vrè Kreyen yo.

³⁷ Mwen atann yon nonm sote sou mwen ankò konsènan yon bagay kèlkonk. Yon moun te vin kote m sa pa fè lontan, e li te di, “Ide menm, ke Kris te krache atè, ak krache Li, te fè yon pat ak labou pou badichonnen l sou je yon moun.” Ou ta di, “Ala malpwòp, sal sa te ye, pou L te krache, e ak krache L ki te soti nan bouch Li! Ala sa pa t ijyenik, pou krache atè, epi fè pat labou pou mete l sou je yon nonm.”

Mwen te reponn, “Men li te retounen wè.” Ou wè, se sa.

³⁸ E menm nonm sa a! Yo te louvri yon kan nudis anwo a la a bò kote m nan, ou konnen, pisin lan. E—e nonm sa a te gen yon tikè pou chak pitit li yo pou desann la al naje nan pisin sa a. Epi limenm ak madanm li te konn ale, tou, nan pisin sa a. Ekskize m, sè m yo. Men kote medam sa yo la ap naje, apeprè yon santèn nan yo, oswa desan, chak jou; medam yo, tout salte sa yo ak lòt bagay, epi medam yo jodi a, ap benyen nan dlo sa a, salte ak malpwòpte k ap antre nan bouch yo, ap vale l epi krache l deyò. Mwen defye l pou sote sou mwen, ou wè.

³⁹ Yo te di, “Si—si Kris t ap viv jodi a, yo t ap fè arete L poutèt bagay ki pa ijyenik sa a.”

⁴⁰ Sa k pase ak *sa a*? Mwen sèten ou sezi sa m vle di a. Y al drèt nan pisin sa, e anpil nan yo ak maladi, sifilis, gonore, ak tout lòt bagay, drèt ladann la a. Epi jis krache l soti nan bouch ou, ak

tout bagay konsa, epi ap benyen ladann konsa. E sa a ijyenik, natirèlman?

41 Kifè, o la la, jou a n ap viv ladann lan, frè, sè! Se lè Vini Seyè a! E Legliz gen yon sèl espwa, e se Vini Seyè a.

42 Ebyen, m pa ka bloke bagay sa yo; pa gen okenn nesosite. Bib la te predi ke yo t ap la. Mwen pa ka bloke yo. men mwen vle vwa m anrejistre nan Syèl la, ke m te kont sa, lè tan an rive pou Jijman an. Ke Mwen te kont sa.

43 Mwen toujou kwè ke Bib sa a se Pawòl Bondye a. Alò pa gen okenn lòt bagay nan mond lan, kontrè a Li, ki ka janm rete L. Men Bib sa a la, sa a se Verite a, sa a se Pawòl Bondye a. Kidonk kounye a annou jis bese vwal nou—nou—nou yo, pou jete lank yon ti moman sou rivaj pezib Pò Repo a. E—e nou ka mete vwal demen kèkpa, men annou jis jete lank pou kounye a pou koute Vwa Papa nou ki nan Syèl la pandan, nou gen konfyans, L ap pale avèk nou atravè Pawòl Li, jodi a.

44 E aswè a, la, prepare kèlkeswa ti kesyon ke w genyen. Bon, pa yon bagay ki pral fè yon moun mal. Si w fè sa, alò sa se . . . Mwen p ap reponn sa a, pou kòmanse, ou wè. Men oumenm, *yon fason ou yon lòt*, di: “Ebyen, kounye a, si m fè tèt bagay, èske Bondye di ke nou ta dwe fè sa?” Oswa, ou konnen, yon ti kesyon ki sou kè w. Oswa, “Nou gen don k ap opere pami nou, Frè Branham, èske nou ta dwe opere yo fason *sa a* ou fason *sa a*? Oswa, kisa nou ta dwe fè?” Yon bagay ke m ka reponn nou ak Ekriti a, ou wè. Ekri yon ti kichòy. M ap kontan. E si pa gen anyen menm, alò m ap jis pran yon sijè kèlkonk, epi preche nou aswè a, si Seyè a vle. Se dimanch, e mwen te . . .

45 Dimanch pase a mwen te sou pwèn al kote Frè Cauble. E m te tandè klòch legliz sa ap sonnen, e m te jis ap fè lè san pa nan lakou a. M pa t ka sipòte sa. Se te fini. Mwen te tandè nou, konsa mwen—mwen—mwen te jis oblije vini.

46 Alò bon annou jis koube tèt nou kounye a epi apres a pale ak Kreyatè nou an, nan yon mo priyè. Èske yon moun gen yon demann espesyal? Jis leve men w, jis di, “Mwenmenm. . .” Jis fè konnen l. Bondye konnen sa k nan kè w. Kounye a jis kenbe demann ou an nan panse w.

47 Bondye ki pi Sen an, Ki te kreye Syèl la ak tè a pa Pawòl ki te sòt nan bouch Ou, ak panse ki nan espri W, nou vin nan Prezans Ou, atravè Jezikri, Seyè nou an, pou remèsye W pou tout sa W fè pou nou. E nou si tèlman genyen W rekonesans, Seyè, maten an, pou konnen ki kote nou kanpe, pou konnen pozisyon kote nou ye maten an, epi istwa tan an, ak lavni k ap vini an. Nou konsyan jodi a, ke ak gras Bondye, nou te lave nan San Kalvè a, ke nou te prepare, ak lafwa nan kè nou, pou rankontre L si L ta vini jodi a. Nou t ap di, “Malgretou, vini, Seyè Jezi.”

48 E nou wè peche ap anpile, jouk sa sanble ke mond lan ap bite anba chay peche. Ala zafè bwè ak jwèt aza, degoutans, moun

toutouni, epi, O Bondye, salte, ak fatra ak malpwòpte moun yo. E ala yo, si yo te ka jis reyalize l, Seyè! Èske moun sa yo, ki abiye konsa ak vyek ti rad enpi sa yo, pou soti deyò nan lari a, èske yo reyalize ke yo pa anyen lòt ke ensèk ak pousyè, ke petèt nan yon lòt semèn ensèk yo va manje kò sa a ke yo tèlman ap glorifye a? Èske yo reyalize ke chank pral manje l, e nanm yo va rete laba a nan yon Letènite san Bondye, san Kris, san yon sèl espwa, k ap plonje yo nan yon gwo dezespwa, pou yo senpleman efase lè Vini L lan? O Bondye, ban nou vwa—vwa avètisman, pou nou ka avèti chak nanm sou danje sa a ke y ap apwoche a.

⁴⁹ Rete avèk nou jodi a. Ban nou “pawòl sajès,” jan Salomon te di yon fwa nan liv Eklezyas la, pou nou ka vin “konstriktè saj yo,” pou nou ka vin “bèje asanble sa a.” Epi nou priye, Seyè, ke pandan n ap chache mo pou di, ke yo t ap—yo t ap dè chedè ki t ap touche kè ki sitèlman nan bezwen isi a maten an.

⁵⁰ Nou pa vini pou rasanble anba tèt kay cho sa jodi a, jis pou yo wè nou, men nou vin isi a paske nou renmen W, e paske nou vle tande W. Ou se Anmoure nou ke nou renmen, e nou gen dezi pou tande Pawòl ki vin de Ou a. Nou gen rekonesans pou sa nou te deja tande. Li pral rete avèk nou lontan. Kounye a bannou pòsyon Ou genyen pou nou jodi a, pandan nou konte plis sou Ou. Nou mande l nan Non Jezi, e pou Limenm. Amèn.

⁵¹ Kounye a se . . . [Yon sè pale an lang, yon frè entèprete—Editè a.]

⁵² Nou gen rekonesans pou lwanj sa yo ki vin de Lespri a, yo di nou epi yo avèti nou pou n siveye Pawòl ke petèt Sentespri a pral pote pou nou jodi a. E nou jis pa konnen kisa Li gen an rezèv pou nou, men nou konnen tout bon ke dwe gen yon bagay Li pral mennen vini. Petèt gen yon kesyon nan lespri w, ke Li pral reponn atravè sa la. Li ka reponn atravè Mesaj maten sa. Li ka reponn aswè a nan sèvis la. Li, gen lè, a on moman done jodi a, L ap eseye, avèti yon moun pou l sezi Pawòl sa yo.

⁵³ Kounye a pou n ale nan Pawòl ekri a, ann al nan Liv Egzòd, pou leson Lekòl di Dimanch la.

⁵⁴ Èske w gen yon sèvis batèm? [Frè Neville di: “Non, pa jiska sizè aswè a.”—Editè a.] Non. Sèvis batèm lan a sizè apremidi a.

⁵⁵ Ann al nan chapit 17 Egzòd la, epi kòmanse ak—ak vèsè 5 lan, mwen kwè, vèsè 5 e 6 chapit 17 Egzòd.

Epi Seyè a te di Moyiz, ale devan pèp la, epi pran kèk ansyen Izrayèl yo avèk ou; epi baton w lan, ke w te frape rivyè a, kenbe l nan men w, epi ale.

Gade, m ap kanpe devan w . . . sou woche nan Orèb la; epi . . . ou va frape wòch la, e dlo va soti ladan l, pou moun yo ka bwè. E Moyiz te fè sa devan je ansyen Izrayèl yo.

56 Kounye a si m ta rele sa a yon ti tèks Lekòl di Dimanch, Mwen ta renmen pran sa kòm sijè pou leson maten an, *Dlo toujou Prezant K Ap Soti Nan Wochè A*.

57 Nou konnen ke Izrayèl te toujou yon egzanp istorik legliz. Paske, Izrayèl te pèp Bondye a jouk yo te soti kite peyi Lejip, e alò yo te legliz Bondye paske yo te separe de rès mond lan.

58 E lè nou separe de rès mond lan, alò nou vin legliz. Men osi lontan ke nou melanje ak rès mond lan, alò nou pa nan legliz la. Kounye a mwen gen konfyans ke sa ap desann byen fon, byen chita nan plas li. Ou wè, nou pa legliz toutotan nou pa separe de mond lan. Separe tèt nou, soti nan mitan moun enpi yo, pa trete avèk yo, epi pa patisipe nan peche yo. Pa mete w anba joug enkwayan yo, men separe tèt ou de bagay mond lan.

59 E lè Izrayèl te nan peyi Lejip, yo te pèp Bondye a. Apres lè yo te rele yo soti, oswa lè yo te gen egzòd la, ap soti, alò yo te rele yo legliz, paske se lè sa a yo te separe tèt yo avèk rès mond lan.

60 E mo *legliz* la menm vle di “rele sòti.” *Egzòd*, “sòti.” Nou chak, antan ke Kreyen, te gen yon egzòd nan vi nou. Nou te gen yon tan kote yo te rele nou sòti pami frekantasyon nou yo, yo te rele nou soti pami moun ke nou te konn abitye fratèlizasyon yo lè, pou vin yon pèp diferan, pou mache ak yon pèp diferan ki t ap ajè yon fason diferan e ki t ap pale yon fason diferan. Se te yon egzòd nan lavi nou.

61 Yon trè bèl egzanp Izrayèl te ban nou, konsènan lè Bondye te rele yo sòti. Yo te gen yon egzòd, e yo te sòti pami moun nan mond lan—lan, pou yo te vin yon nasyon separe, pou Bondye, yon pèp espesyal. Yo te mache anba lonbraj syèj mizerikòd la. Yo te viv epi mache toupre gwo Kolòn Dife a. E Bondye te mennen yo sòti kite peyi Lejip, pou ale nan peyi Li te pwomèt la.

62 E, nan egzòd sa a, yo te ba yo yon lidè esprityèl, yon lidè, ki te Moyiz, yon gwo pwofèt wen ki te yon—yon grantòm. Li te yon nonm ki sen, li te ne yon nonm ki sen. Bondye te rele l depi nan vant manman l, menm anvan moman sa a; Bondye te òdone l anvan fondasyon mond lan, pou vin yon lidè pou jenerasyon sa a, pou mennen egzòd sa a bay moun yo.

63 Isi a kèk tan de sa, m te pale ak timoun piti yo isi a nan tabènak la, e m te gen yo yon ti mesaj pou yo; e m te rakonte, oswa bay yon ti egzanp sou kijan Jokebèd, kijan manzè te priye, limenm ak Amram, papa Moyiz, konsènan fè kichòy pou delivre moun yo. Epi Amram te wè vizyon Bondye ki te kanpe, oswa yon Zanj, ki te pwente nan direksyon nò, e ki te di l sa k ta pral rive. Epi ti Moyiz te fèt. E yo pa t pè lòd wa a, ni menas yo. Yo te konnen ke Bondye te gen men L sou Moyiz, e se te fini. Se vre. Kèlkeswa sa wa a te di, sa mond politik la te di, sa nenpòt lòt bagay te di, yo te konnen ke Bondye te gen men L sou Moyiz. Alò yo pa t pè lage l, drèt nan mitan kwokodil yo; tandiske yo te jis tou gra ak ti timoun Ebre yo, kote yo te lage yo deyò la bay kwokodil manje. E

poutan yo te mete Moyiz drèt nan yon ti ach pou voye l drèt deyò a pami kwokodil yo deyò a pami yo. Paske, yo pa t pè anyen, yo te konnen ke Bondye te gen men L sou Moyiz.

⁶⁴ Ebyen, kounye a, si nou te ka jis konnen menm bagay sa a, ke gran Lidè nou an, Sentespri a, Bondye te voye L, e Li se Lidè nou, e pe enpòt sa mond lan di, epi jan y ap ri w epi moke yo de ou, n ap swiv Lidè nou an! Bondye te voye Sentespri a pou vin Lidè nou. Ou wè? “Yon ti tan ankò e mond lan pa p wè M. Poutan noumenm nou va wè Mwen, paske M ap avèk nou, menm nan nou, jouk nan fen mond lan.” Kifè, gran Lidè nou an avèk nou, Sentespri a. Kounye a nou dwe swiv Lidè sa a epi fè jis fason Li di pou fè a. E Lidè sa a p ap janm retire nou nan santye a, Li va kenbe nou dwat nan chemen Lekriti tout tan. Men Li p ap janm ale sou *yon* kote pou yon bagay, epi bò *sa a* pou yon bagay. Li va rete dwat sou wout Ekriti yo.

⁶⁵ E Moyiz te gen yon wout trase kote l te dwe fè Izrayèl pase, epi swiv li konsa drèt travèse Lanmè Wouj la, drèt travèse Jouden, drèt nan tè pwomiz la, soti dirèk atravè dezè a. Se pa t Moyiz ki te kite tras la. Se pa t Bondye ki te kite tras la. Se moun yo ki te soti nan liy lan, ki te lakòz pwoblèm lan. Kidonk, ann panse a bagay sa yo kounye a. (Eskize m.)

⁶⁶ Moyiz, antanke lidè ki wenn. Finalman, lè l te montre moun yo, ak siy epi bèl mèvèy, ke Bondye sèl te ka fè l, li te fè siy ak mèvèy sa yo devan ansyen Izrayèl yo, epi devan Izrayèl, jiskaske yo te satisfè ke Moyiz sa a sila ki wenn lan ke li ta pral fè yo sòti kite peyi sa a, pou al nan bon peyi sa a ke yo te pwomèt la. Alò lè yo te wè gwo bagay sa yo ke Moyiz te fè nan non Bondye a, yo te vle swiv li. E li te fè yo soti, te kondui yo atravè Lanmè Wouj la, te fè yo travèse, sou tè sèk, epi nan vwayaj nan dezè a, ki vle di moman eprèv yo.

⁶⁷ Lè yon moun resevwa Kris kòm Sovè li, tout bagay voye w monte. Men, anvan nonm sa a ka antre nan batèm Sentespri a, moun sa a, li dwe dabò pase yon pwosesis sanktifikasyon. Li dwe gen yon moman tès nan vi li. Nou tout te genyen l. Li te gen moman tès sa a. “Tout pitit ki vin jwenn Bondye, dwe dabò pran kout fwèt, pase pa eprèv, chatye. E si nou pa ka sipòte chatiman, alò sa montre ke nou pa pitit Bondye; nou se timoun ilejitim, pa pitit Bondye,” Bib la di l. Men si nou ka sipòte chatiman an, konsyan ke “tout bagay ap travay ansanm pou byen sila yo ki renmen Bondye,” alò nou se pitit gason ak pitit fi Bondye, lè sa a Li sele nou ak Sentespri a jouk jou redanmsyon nou. Ou wè, sa se chatiman an, presyon an, bagay pou nou pase atravè l la.

E Izrayèl, antanke yon tip istorik, te dwe andire chatiman sa a.

⁶⁸ Kounye a, lè yo te anba a nan peyi Lejip, epi Bondye te voye Moyiz. Epi li te lonje baton an, epi pis ak pou te tonbe sou tè a. Li te pwente l nan direksyon solèy la, ki t al kouche. Li te etann li

sou dlo yo, e yo te tounen san. Enben, Izrayèl te nan peyi Kanaran an . . . nan—nan Goshen, jis t ap pase yon moman glorye; solèy la pa t janm kouche, flewo yo pa t janm frape yo; poukisa, yo te jis ap pase yon moman glorye!

⁶⁹ Jis tankou w te fè lè w te fèk sove. Tout bagay, zwazo yo te konn chante yon lòt jan, epi tout moun te bon moun. E, o la la, ala tout bagay te jis ale byen lè w te fèk sove! Apresa tan eprèy la rive, tan chatiman an, sanktifikasyon an, pou ap sanktifye tèt ou de bagay monn lan, “mete de kote pwa fado yo ki anvayi nou si fasilman.” Ou menm, mesye, ta dwe sispann fimen, sispann bwè, sispann al nan jwèt biya, jwèt kat tout lannwit. Tout bagay sa yo, ou ta dwe sanktifye tèt ou de yomenm, pa lafwa nan San Jezikri. Sanktifye tèt ou! Noumenm fanm yo ta dwe kite cheve nou pouse, lonje rad nou yo, epi konpòte nou diferan de sa nou te konn ye. Moman sanktifikasyon an! Anpil fwa yo ta revòlte epi retounen; ebyen, sa se pa yon pitit Bondye, ou wè. Yon pitit Bondye ap gade drèt nan direksyon Kalvè, e li konnen ke se pou byen li.

⁷⁰ Kifè apres a pwosesis tan sa a, men kote kokenn chit la te rive, an Izrayèl. Lè gwo moman rasanbleman sa a, lè sa a moun yo te kòmanse tonbe, tribò babò. Answit nan ap plenyen: “Ebyen, nou swete ke nou te anba ankò nan peyi Lejip. Nanm nou gen degoutans pen lejè sa a.” Nan lòt mo, si m ta pran l istorikman kounye a, se sa yo te di.

⁷¹ Kounye a nan epòk modèn lan, se t ap, “O, chak mèkredi swa, reyinyon priyè! Chak dimanch maten, retounen al legliz! Kisa n ap tandè? Menm bagay la; predikatè a leve kanpe pou preche; kantik; retounen.” Ou wè, alò ou jis ale tankou w ap fè devwa w. Ou pa yon adoratè. Yon adoratè al la pou adore, pou eksprime l devan Bondye l la, pou louwe Bondye pou bonte L; pou chak Pawòl, li akwoche ak Sa.

⁷² Jis tankou yon zafè lanmou. Si w ta ap pale ak yon fi paske ou te konnen ke se te yon devwa, oswa w ap pale ak yon jenn gason, lè w te jèn. “Manman vle m nan frekantasyon ak mesye sa a, men mwen jis pa ka sipòte l.” Ou pa p tire anyen de li k ap vin wè w. Oswa, si se menm fason an konsènan jèn fi a pou jenn gason an, oswa jenn gason an pou jenn fi a. W ap frekante l, manzè deranje w; manman vle w koze avè l paske li se kalite jenn fi ke manman renmen. Ou wè, sa annwiye w; pa gen zafè lanmou la a. Men ou pa enterese, ou pa vle fè twalèt ou, ou pa vle al wè manzè. E se yon . . . Enben, se yon bagay tèrib. E lè l ap vin wè w, o la la, ou jis swete pou l ta fè vit, al lakay li.

⁷³ Se menm jan an li ye lè se, “Poukisa li preche long konsa? E poukisa tout bagay sa a, ak tou sa?” Ou wè, ou pa damou.

⁷⁴ Men lè w reyèlman akwoche w a chak Pawòl, tankou Lespri a te bannou avètisman an maten an, ou wè, “Akwoche nou a chak Pawòl.” Se te ka sou sa Li t ap pale avè w la. Kenbe fèm! Se Lavi Etènèl, chak Pawòl Bondye. Se yon jwa pou al legliz, nan nenpòt

sikonstans lan. Ke l fè cho, fè frèt, endiferans, ke moun yo ap fè diskisyon, ap plenyen, kèlkeswa sa y ap fè a, se toujou yon jwa pou tandè Pawòl Seyè a. Alò ou annamou lè sa avèk Kris, ou wè, ou renmen al legliz.

⁷⁵ “Ebyen, cheri, se dimanch maten ankò, Mwen panse ke nou ta dwe prepare timoun yo epi desann la. O la la, bagay sa a raz!” Ou wè, ou pa annamou.

⁷⁶ Men si w vrèman annamou, ou jis pa ka tann kilè pou dimanch maten an rive, ou jis vle desann la a avèk yo. Epi pou nou ansanm, epi kite . . . Pèp Bondye a, yo pa annwiye w. Enben, yo se—yo se frè ak sè. Jan m te konn abitye di a, “Nou vin soude ansanm tankou siwo melas Sorghum lè l fè frèt nan maten.” Li—li p ap koule, li jis rete fèm, ou konnen, kole di. Kounye a, sa se yon pawòl toukri, men se—se—se pou ap eseye fè w konnen sa m vle di a, ou wè. Nou soude ansanm. E plis li fè frèt, se plis yo ret kole fò. E se fason sa li ta dwe ye avèk nou. Plis li fè frèt . . .

Lè zanmi terès yo abandone,
Rete kole sou Li pi plis ankò!

⁷⁷ E sa nou renmen, youn ak lòt, se pa paske nou se yon sesi sela; men se Kris la nan youn lòt, ke nou renmen, ou wè. Se Bondye ki nan nou an, ke nou renmen. Kounye a nou renmen reyini ansanm. Nou te abitye chante ansyen kantik la:

Beni kòd ki mare
Kè nou nan lanmou Kreyen;
Kominyon fratènèl an espri a
Se tankou sa ki gen Anwo a. (Ou wè?)

Kominyon fratènèl an espri a
Se tankou sa ki gen Anwo a.

Devan Twòn Papa nou,
Nou vide priyè entans nou yo;
Krent nou yo, espwa nou yo, bi nou yo fè yon
sèl,
Konsolasyon ak sousi nou yo.

⁷⁸ Ou wè? Wi, mesye! Lè youn te gen yon benediksyon, nou tout kontan pou sa. Lè youn tris, nou atriste avè l. Nou—nou vle pou nou tout ansanm. Kounye a se fason sa a nou sipoze ye.

⁷⁹ E se fason sa a Izrayèl te sipoze ye. Men sa te vin tounen yon chay, “O, vye pen lejè sa a!” Pen zanj yo, “Ebyen, ki mele nou ak vye pen lejè sa a? Nanm nou fatigue ak bagay sa! E tout bagay nèt ap ale mal. Epi—epi vye lamàn sa k ap tonbe chak swa a, franchman, nou ta pitò gen lay ak powo ki sot nan peyi Lejip.” Ou wè, kè yo pa t prè pou vwayaj la.

⁸⁰ E lè yon nonm oswa yon fanm kòmanse ap plenyen osijè de ale legliz, yo tèlman fatigue al legliz, yo pa pare pou vwayaj la. Se vre. Gen yon bagay ki pa mache kèkpa.

81 O, lè w renmen Bondye, pou ap panse ke w pral nan Syèl, epi nou tout pral ansanm:

Ala yon fratènite, ala yon jwa Diven,
 Pou ap konte sou ponyèt ki toujou la;
 O, ala yon lapè beni ak Seyè m lan ki toupre,
 Pou ap konte sou ponyèt ki toujou la.

Ala yon . . . N ap chante kantik sa yo.

Nou pataje malè pa nou yo,
 Pote ansanm fado pa nou yo;
 E souvan youn pou lòt
 Nan konpasyon dlo nan je koule.

Lè nou gen pou nou separe,
 Sa fè nou lapèn anndan nou;
 Men n ap toujou ini nan kè nou,
 Epi nou espere rankontre ankò nan pwochen
 moman reyinyon priyè a. (Wi, mesye, toujou
 ini ansanm nan kè nou!)

82 La w ap prepare w pou vwayaj la, ou wè, ou pare pou al nan Latè pwomiz. Peryòd eprèw yo, men teren danje a; dezè a, tan eprèw yo.

83 Izrayèl, nan moman eprèw li, li te tonbe nan diskisyon ak dechire pit youn ak lòt, ak degou pou pen an. E yo te vle retounen an Ejjip.

84 E apres a yo te kòmanse ap plenyen konsènan lidè pa yo. O, yo te pè ke l t ap mennen yo a kote; apre l te fin pwouve limenm ke l se yon lidè, epi Bondye te pwouve ke l te lidè sa. “Ebyen, petèt nou te aji on ti jan twòp tankou fanatik. E—e petèt nou te demare, nou tout sou move pye,” oswa, yon bagay konsa, ou wè, yo t ap pale kont Bondye e kont Moyiz, Bondye ak lidè pa L la.

85 Bon lè nou rive nan yon pwen, pou ap di, “Mwen pa konn si Pawòl la vle di *Sa*, ou pa,” epi, “Mwen pa konn anyen sou Sentespri a; Mwen on ti jan gen dout sou *Sa*. Mwen konn lòt moun ki pa genyen l.” Ebyen, al an Ejjip. Ou wè?

86 Men si w reyèlman detèmine pou rete sou wout la, rete egzaktman ak Lidè sa, Sentespri a, rete egzaktman ak Pawòl la. E si w rete ak Lespri, Li va kenbe w nan Pawòl la. Se vre. Li va kenbe w direktman sou liy lan, chemen Pawòl la. Epi piga w pè L. Li p ap fè w mal, Li va jis ede w si w blese. Li va geri tout blesi w yo, Sentespri a va fè sa.

87 Kounye a nou jwenn ke, sou wout sa a, apre yo te fin konpòte yo konsa, yo te rive yon kote nan Orèb. Epi O-r-è-b, Orèb, apres a nou jwenn . . . Ann detaye non sa a. Se la a non *Orèb* la—la vle di yon “plas chèch” oswa yon “dezè.”

88 E lè nou soti kite fratènite youn avèk lòt nan legliz, epi soti kite fratènite ak Sentespri a, sa mennen nou yon kote chèch, yon dezè, anyen ki ap viv, tout bagay gen pikan sou yo. Ou wè, yon—

yon dezè, yon ti bout kaktis ak pikan sa a sou li. Èske w konn kisa sa te ye? Sa se yon ti fèy dou ki presye ki pa t jwenn ankenn dlo, li jis te woule fèmen tèt li tèlman jouk li vin tounen pikan. E lè w wè yon moun konsa, petèt se yon nanm presye ke w te ka byen wouze, ki t ap yon ti fèy dou oswa yon bagay konsa. Men olye de sa, li te woule fèmen tèt li jouk li te tounen pikan, jis ap pike tout bagay, ou konnen, ap chache erè. Sèl bagay li bezwen se jis dlo. Se tou. Li jis bezwen yon—yon revèy, oswa yon sekous, yon rafrechisman ki vin de Seyè a. Li va—li va deplwaye ti tèt li, si w jis mete l nan dlo.

⁸⁹ Men, se la ke sa yo k ap viv kote sa a dwe souffri ak kondisyon kote sa a. E sila yo ki anvè nan jan de atmosfè sa a, kote tout bagay jis ap goumen epi ap pale anpil, epi fè diskisyon epi ap chofe dife konsa, ebyen, ou va jis viv anba atmosfè sa a, se tou. Men nou pa oblije viv la a, li pa nesèsè pou nou rete la.

⁹⁰ Kounye a, Orèb sa se te plas kote Bondye te dekouraje avèk moun yo, paske yo te pèdi nan plas sa a e yo te retwouve yo nan kondisyon sa a. E Li te mennen yo jis tou pre li, paske yo pa t vle mache nan wout la. Yo te ekate yo de wout—wout prensipal la, yo te soti al sou wout akote sa. Epi sa te lakòz Bondye fè yon bagay ki te ekstraòdinè. Li . . . Te lakòz Bondye fè Moyiz pran baton jijman ke l te jije nasyon an, pou frape Woche a, pou fè dlo soti.

⁹¹ Kounye a, gen yon bèl leson la si nou te ka jis sezi l, ou wè. E poutèt nou te sitèlman andeyò plan an, epi atache ak mond lan, ak lòt bagay, sa te lakòz Bondye pran jijman mond lan pou frape Pwòp Pitit Li a avè l, sou Kalvè, pou nou te ka ale lib. Èske nou wè sa m vle di a?

⁹² Bon, pou w te ka mennen moun sa yo bò kot kèk dlo, apre yo te fin rive laba, plas chèch sa a te vin yon Kalvè. E la a Bondye te di Moyiz, Li te di, “Pran baton an ak ansyen yo, epi avanse, e M va kanpe sou Woche a devan w.” E Woche sa se te Kris. E Moyiz, ak baton li te mennen jijman sou nasyon Izrayèl la, te pran menm baton sa a epi li te mennen jijman Bondye yo sou Woche a. Ou wè? Li te mete peche moun yo nan baton sa a. Ki vle di, li ta dwe frape moun yo. Olye ke l frape moun yo, li te frape Woche a. E Woche a, atravè yon zèv Bondye, te pote sali, te pote dlo bay yon pèp k ap peri. Li te pote lavi pou yon pèp k ap mouri. E se sa Bondye te fè lè L te pran bagèt majik jijman Li—Li, pou ap makonnen peche m ak peche w toutotou baton sa a; alòske sa te dwe frape nou, men sa te frape Kris; pou ke apati de Li *dlo* te soti, ki vle di “Lespri,” Sentespri a te soti de Li, pou ban nou Lavi. Kounye a nou gen Lavi Etènèl. Kounye a, Woche sa a se te Kris. Kounye a nou vle fè kèk remak.

⁹³ Mwen te wè tèlman desen entelektyèl Woche sa a. Mwen te wè youn nan sa ki te pi mal yo, sa pa fè lontan, opwen ke te gen yon—yon ti wòch tabli sou tèt yon kolin. E—e Moyiz te sipoze

frape woche sa a, epi Izrayèl te anba a la ak yon tas pou te, pou ap fè yo bwè dlo ki soti nan yon ti jè ki t ap koule desann sot nan woche sa a. Bon se jis lide yon moun.

⁹⁴ Men lè Woche sa a te bay dlo L yo, te gen plis pase de milyon moun, san konte bèf, chamo, ak tout lòt bagay ki te bwè nan basen dlo ki te sot Ladann. Se te yon kokenn kouran dlo ki t ap koule soti la a!

⁹⁵ Se fason sa a y ap eseye rann Kris, Sentespri jodi a. “Se jis yon ti awozaj.” Ou wè, jis ase pou fè w kwè ke gen yon Bondye. Non.

⁹⁶ Se yon Dlo an abondans! David di, “Koup mwen ap debòde!” Se senpleman yon kokenn djayisman Sentespri a.

⁹⁷ Moun yo pè L. Kèk moun di, “Ebyen, mwen jis yon ti jan pè pou m fè *sesi* ou *sela*, oswa si m rive al on tijan twò pwofon. Mwen ka montre w yon moun ki t al on tijan twò lwen.” Men ou pa janm pwente sila ki pa t ale ase lwen an. Ou wè? Wi, e sila yo ki pa t ale ase lwen yo?

⁹⁸ Kounye a, nou te gen kèk moun ki te chanèl, e ki te demare sou move pye. E—e se pa t Bondye, men moun yo te gen . . . Akoz de move kondiktè, e latriye, te fè yo pati sou move pye, epi yo te tonbe nan fanatik. E apres, dyab la te pwente lemond antye ba yo, “Ou wè sa! Ou wè sa!”

⁹⁹ Ebyen, kite m kanpe maten an pou ap montre dè dizèn de milyon fwa plis ki pa t janm menm eseye kòmanse. E yo menm? Ou wè, gade kondisyon yo. Gade yon nonm tankou Eichmann jodi a, ak pi gran . . . Yo di: “Pannkotis yo pa gen san prensip e yo mal degwosi, epi yo pa gen edikasyon,” e latriye konsa. Gade Eichmann, youn nan nonm ki te gen plis edikasyon nan mond lan. E li te touye, sis milyon timoun ak fanm ak gason, sis milyon nanm. Ou p ap lonje dwèt sou yon moun konsa.

¹⁰⁰ Men yon ti kanmarad ki te ka li, apèn, ki te petèt site mal kèk non nan Bib la, epi, oswa petèt te di yon bagay oswa te fè yon bagay mal, oswa te fè kèk erè, jounal yo vle pibliye l toupatou, pou di, “Nou pa dwe fè yo konfyans.”

¹⁰¹ Alò si w pa ka fè sa a konfyans, poukisa se pa edikasyon, ak bagay entèlektiyèl ke yo genyen jodi a? Gade Adolf Hitler. Gade sèvo mond lan jodi a. Gade yo. Vye pwovèb la di, “Sòs pou manman zwa a sòs pou papa zwa a.”

¹⁰² Bagay ou dwe fè a se pou w kapab, ak Sentespri a, separe sa k byen de sa ki mal, epi konsidere sa ki byen e sa ki mal.

¹⁰³ Bon, nou pran konsyans de Kalvè sa a yo te genyen an, epi dlo lavi ki te djayi pou moun yo.

¹⁰⁴ Kounye a, gen moun k ap panse nan kè yo ak lespri yo, ke tout Izrayèl te bwè, e apres yo te chaje chamo yo epi atle bogi yo ak chwal yo, e latriye, epi te pran timoun yo pou yo te al yon lòt kote, epi te kite Woche a la a, ak yon ti jè dlo. Se fo.

¹⁰⁵ Woche sa a te swiv yo, e dlo sa a te swiv yo. Kounye a nan Premye Korentyen, chapit 10 la, mwen kwè, e vèsè 11 lan, ou ka jwenn sa, ke “Woche Sa a te swiv Izrayèl.” Kèlkeswa kote yo te ale a depi jou sa a, Woche a te ale avèk yo, e dlo a te swiv yo.

¹⁰⁶ Ala yon bèl tip, e yon—yon bèl sipò ak yon ank pou kwayan an jodi a, ki konnen ke Woche sa a ki te frape yon fwa a, ke Dlo sa a ki te koule sot nan Kalvè a, ale avèk nou kèlkeswa kote nou ye a! O, la la! Li p ap retounen nan yon plas kèlkonk, pou ap di, “Ebyen, nou te gen Dlo efektivman avan yè, lòtbò a.” Nou gen Dlo jodi a, isi a menm, paske Woche sa a se te Kris! E Kris se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

¹⁰⁷ Ou wè, Woche sa a te swiv Izrayèl. Yo pa t janm swiv Woche a, men Woche a te swiv yo. Amèn. Izrayèl te kontinye vwayaj yo. Yo te gen sèlman yon bagay pou yo te fè, se te, gade liy dwat la, drèt nan direksyon latè pwomiz. Epi Woche a ak dlo a t ap swiv yo.

... *Woche a t ap swiv yo:* ...

Premye Korentyen di nou sa, chapit 10 la. Dakò.

... *Woche sa a se te Kris.*

¹⁰⁸ Bondye te pran jijman moun yo pou mete yo sou Kris, epi te frape L. Èske nou te remake, te gen yon fant nan Woche a, depi lè sa a? Woche a te gen yon fant ladann, kote Moyiz te frape a. E Kris te gen yon fant, lè yo te frape L, “Li te blese pou transgresyon nou yo, e ak mak kou sou Li yo nou te geri.” Apati de Lavi sa a Dlo Lavi a ke nou tèlman ap jwi jodi a te soti!

¹⁰⁹ Kounye a, pou w ka jwenn Lavi sa a, sonje, Lavi Kris la rete ak Legliz. Alelouya! O, si nou te ka ankre panse nou la a pandan dis pwochen minit yo! Kris pa kite Legliz. “M ap avèk nou tout tan, menm jouk nan fen mond lan.” Se moun yo ki kite Kris, se pa Kris ki kite moun yo. Moun yo kite L, ak enkredilite yo. Yo kite Kris, se pa Kris ki kite moun yo.

¹¹⁰ Izrayèl te kite kouran dlo a, se pa kouran dlo a ki te kite Izrayèl. Ou wè? Paske, Bib la deklare aklè ke, “Woche a ak dlo a te swiv Izrayèl.” Te swiv yo! Kèlkeswa kote yo te ale a, Li te ale, tou.

¹¹¹ O, m ta renmen, maten an, si nou te gen tan, pou al nan Jozye chapit 1, kote Li te di, “Tout kote pla pye w va touche, mwen ba ou yo. Kèlkeswa kote w ale, Seyè Bondye w la avèk ou. Pa pè okenn moun. Pran kouraj! Jis kèlkeswa kote pye w kite yon mak, mwen avèk ou la menm, kèlkeswa kote l te ye a.” Bondye te ale avèk Jozye!

¹¹² Menm Bondye a akonpaye Legliz Li maten an. Annou bwè nan Fontèn sa a lòtbò a. Kèlkeswa kote pye w pile, se la a ke Bondye va avè w drèt la, pou wouze w e pou ba w Lavi. “M ap toujou avè w, menm jouk nan fen aj la.” Kris menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Se lwa Bondye.

113 Kounye a ou di, “Alò, Frè Branham, poukisa nou pa fè bagay ke nou ta dwe fè yo? Kouman fè don ak lòt bagay nou yo nan legliz pa montre koulè yo, kote sa ta dwe ye a? Kouman fè ke legliz nou pa elve nan nivo ke l ta dwe ye a?” Moun yo, nan tan eprèw la, rale kò yo tankou Izrayèl te fè. Yo panse ke Bondye te kite yo.

114 Men, sonje, Woche a pa t janm kite Izrayèl. Izrayèl te kite Woche a, li te bliye Woche a ki te la avèk yo tout tan an. Li te drèt la, te ale avèk yo jouk nan fen wout la. “Li te swiv yo.” Li pa t a yon distans lwen pou pale. Li pa t a yon distans lwen pou tande. Oswa, li pa t a yon distans lwen pou wè.

115 E Kris non plis! Avèk Legliz jodi a, Li pa a yon distans lwen pou pale. Kèk nan nou te retwograde, epi te fè sa ki mal, e nou te pèdi jwa sa a, e Dlo w la te fin cheche. Li toujou a yon distans de konvèzasyon posib avè w. Li swiv ou. Li konn chak mouvman ak tout sa w fè. Li anvi tande nou rele L sou sèn lan.

116 E gwo mouvman Pannkotis sa a jodi a, Bondye ap tann ou rele L sou sèn lan. Ou pa lwen yon distans konvèzasyon avèk Li. Malgre nou te aji mal, e nou te peche, epi vire do ba Li, epi—epi te fè bagay nou pa ta dwe fè, men malgres Li avèk nou. Kris te di Li t ap avèk nou.

117 Bib la di, “Dlo a te swiv timoun Izrayèl yo.” Lè yo te swaf, yo te konnen dlo a te toupre.

118 Kounye a, bagay sa yo kontwole avèk lwa. Tout sistèm Bondye bati ak lwa. Bon n ap pran . . . Ann rete yon minit.

119 Annou pran mond lan. L ap tounen, chak vennkatrè li fè yo tou revolisyon konplè, tèlman pafè, ke . . . Nou pa t janm kapab, ak tout syans nou yo, fabrike yon mont pou endike lè fason pafè sa. Chak fwa tanzantan, pi bon mont yo te janm fabrike, nan yon lane, ap genyen oswa pèdi plizyè minit. Men mond lan pa t janm fayi sinon ke li byen presi alasegond. Li sitèlman pafè ke syantifik jodi a, astwonòm yo ka di w, nan ven lane apati de kounye a oswa senkant lane apati de kounye a, jis egzaktman jan solèy la ak lalin lan pral kwaze youn ak lòt. Lè l fè tou vennkatrè l la, pou l akonpli tan l toutotou òbit la pandan yon sezon, li pa rate yon klik. Alelouya! Se pafètman, paske l ap mache dapre lwa Bondye.

120 Yo konnen jis egzaktman ki lè mare sa a pral monte, jis alaminite prè, paske yo konnen ki lè lalin lan ap desann. E Bondye te mete tout bagay nan lòd ak yon lwa. E lè lalin sa a desann, mare a swiv li. Lè lalin sa a monte, men mare a ki swiv li. E yo konnen egzaktman, dapre tan an, kilè lalin sa a pral desann. Yo ka mete l sou yon almanak pandan plizyè lane davans, epi di w, alaminite prè, kilè mare sa a ap kòmanse bese. Sèten, paske se fason sa lalin lan ap mache, paske li tabli nan lòd lwa Bondye a.

121 Mwen te kanpe, lòt jou, bò Lak Michigan an. E m te ale bò Lak Siperyè a, sou wout mwen pou Kanada, gwo mas dlo sa a.

Epi m te kanpe la a, e m te panse, “Konbyen milye kilomèt ke gwo mas dlo sa a te pakouri la?” Epi apre m te fin travèse Mich... , oswa, Lak Siperyè a, m t ap rive nan Michigan, prèske menm kantite mas dlo. Epi de laba, apati de Lak Siperyè rive nan Lak Michigan, e de Lak Michigan rive nan Lak Ontario, epi jis... lak Huron, ak tout lak yo ansanm. Konbyen milya fwa milya fwa milya, e yon kantite enkalkilab barik dlo fre ki blayi anndan lak sa a!

¹²² Epi laba a nan Nevada, epi nan Arizona, Nouvo Meksik, pati Lès Kalifòni, te gen dè milyon kawo tè sèk, k ap boule. Sa t ap tèlman fèt, si dlo sa a te ka janm rive sou tè sa a, nasyon sa a t ap ka nouri mond lan, san ankenn moun grangou, epi t ap gen anplis pou jete nan lanmè. Se vre! Plizyè milyon kawo tè ki t ap pwodwi dè milyon de tòn de milyon pòm detè ak chou, ak pwa vèt epi—epi leti, ak radi ak seleri, ak konkonm, ak kisa ankò. Tè a ta pwodwi sa, li—li jis gen yon bezwen tèrib pou dlo.

¹²³ E men dlo a anwo a *la a*, e men tè a anba a *la a*. Kounye a nou ka wè sa, e nou konnen sa t ap fè l, paske nou ka teste dlo a epi wè ke l fre, epi teste sòl la pou wè ke l fèt. Kounye a, tout swè nou ka fè, p ap janm rive mete yo ansanm. Men, gen yon lwa, e lwa sa a se gravitasyon. Kounye a, si nou ta travay dapre gravitasyon, nou ta ka wouze chak ti pòsyon tè sa a, pran dlo a nan lak yo epi wouze l. Men nou pral oblije travay dapre lwa gravitasyon. Nou pa ka swete genyen l laba a. Nou pa ka kriye fò pou l la ba a. Nou pa ka rele pou l laba a. Nou dwe travay dapre lwa gravitasyon yo, pou mennen l la a. Bondye plase tout bagay dapre yon lwa.

¹²⁴ La, m ap panse, m pa konnen si m te janm di nou sa, ou non. Mwen te desann nan Kentucky, al chase ekirèy, ak Frè Wood, apeprè ennan de sa. Epi nou... Ekirèy yo te on ti jan ra, kifè nou te al kay yon kanmarad, pou n te enfòm nou sou zafè lachas. Gen yon nonm ki te gen plizyè kawo tè, e sou tè sa a te gen anpil forè bwa. Men Frè Wood te di m, ke, “Nonm lan se yon enfidèl. Li se—li se yon enkwayan.” Alò li te di ke l te konnen l, kidonk limenm... oswa papa l te konnen l, li ta prale epi mande si nou te ka gen pèmisyon pou chase.

¹²⁵ Nou te kondui monte al kay mesye a. Epi limenm ak yon lòt mesye, toulède te nan swasann dizan yo, yo te chita anba yon pye pòm. E Mesye Wood te al kot nonm sa a, e l te mande l, “Èske m ka al fè yon ti lachas nan plas ou a?” E li te reponn, “Ebyen,” li te di, “dakò.” Li te di, “Kilès Wood ou ye? Èske w se pitit Jim Wood?”

Li te di, “Mwen se pitit li.”

¹²⁶ Li te di: “Ebyen, vye Jim te onèt, e latriye.” Li te di, “Ou ka chase nenpòt kote w vle, sou teren m nan. Mwen gen *tan* de santèn de kawo tè la, ou lib. Desann nan savann yo, nenpòt kote w vle. Jis mete w alèz.”

127 M te chita nan machin lan, paske m te panse predikatè ak enfidèl pa t ap antann yo byen ansanm, si nou ta pral mande enfidèl la yon favè.

128 Kifè apre yon ti tan, Frè Wood di, “Bon, kounye a, èske m ta ka mennen pastè m lan avè m? Mwen panse ke sa t ap kòrèk pou l vin tou.”

129 E granmoun sa a te vire tounen sou baton l, epi l di, “Wood, èske w vle di m ke w te tonbe tèlman ba, jouk ou dwe gen yon predikatè avè w tout kote w prale?”

130 Epi konsa, mwen te panse, apre sa, m ta fè mye soti nan machin lan. Kifè m te soti nan machin lan, epi m te pale ak pèsonaj la pandan kèk minit. E li te fè m konnen byen vit ke li pa t tèlman wè itilite predikatè, paske l te panse yo ap pale de yon bagay ke yo pa t konn anyen de li.

131 Li te di, “Yo jis ap eseye pale de yon bagay ke yo pa konn anyen de li. Ebyen,” li te di, “lè yon nonm ap pale avè m, mwen vle pou l konn de kisa l ap pale a.” Bon, sa a se bon sans. Sa se bon sans. Li te di, “Kounye a, si yon moun ap pale avè m, Mwen pa vle l pale de *nenpòt bagay*, kèk sipozisyon ke l pa konn anyen de li. Mwen vle pou l ap di yon bagay ke l konn de kisa l ap pale a.” Ebyen, mwen te onore sa. Mwen te respekte sa kay pèsonaj sa a.

132 Konsa mwen te di, “Ebyen, natirèlman, se chak endividi ak pwòp opinyon pa l.”

133 E li te di, “Te gen yon predikatè ki te vin isit la nan rejyon sa a, sa fè kèk lane, ki te gen yon reyinyon laba nan Acton.” Epi li te di, “Predikatè sa a, yon jou swa, antan ke yon etranje nan rejyon an, te di yon—yon dam ki te chita nan oditwa a, ‘Ou gen yon mouchwa nan pòch ou. E ou se Madan *Entèl-entèl*. E ou gen yon sè w ki malad laba a sou ti mòn la a. Non li se *Entèl-entèl*. Li sou pwen mouri, ak kansè nan lestomak.’ Epi li te di, ‘Pran mouchwa sa a epi depoze l sou sè w la, Epi di manzè, “ENSI DI SEYÈ A, li p ap mouri, men l ap viv.”’”

134 Li te di, “Menm fanm sa a te zanmi nou.” E l te di, “Nou te pote mouchwa sa a bay fanm sa a anwo la, oswa, nonm sa a, èuh, moun lan. . . .” Dabò li te di, “Konsènan fanm sa a, madanm mwen avè m te la jou maten sa a epi nou te pran, nou t ap tann fanm sa a. E li te sitèlman grav! Doktè yo te abandone l, sa fè lontan. Li te sitèlman grav jouk nou te oblije deplase l ak yon dra, leve l pou mete l sou kivèt nan kabann lan, retounen l apre. Vire l bò ak dra a, tèlman manzè te grav.” Li te di, “Yon jou swa, lòtbò a, te gen yon bri kòm si yon moun te mouri.”

135 Se te Ben lòtbò a, ak mouchwa sa a, ki t ap pote l laba a. Mwen kwè se te oumenm, pa vre, Ben? [Frè Ben Bryant di, “Amèn. Amèn.”—Editè a.] Se Frè Ben ki te lòtbò la, ki te gen mouchwa sa a, paske li te mennen l bay fanm lan laba a.

¹³⁶ E li te di, “Maten apre a, manzè t ap manje tat opòm fri.” E li te di, “Li pa t sèlman fè pwòp travay pa l, men li te fè travay vwazen an. Li te tèlman anfòm!” Li te di, “Bon mwen te souvan ap mande m. Si jamè m te ka wè predikatè sa, limenm te konn de kisa l t ap pale a,” li te di, “Mwen—mwen ta renmen pale avè l.”

¹³⁷ Frè Wood te gade m, e m te gade l. Nou te kanpe la, tou sal, ak swe epi sire, nou te enstale kan nan bwa forè a, epi—epi san ekirèy te toupatou sou nou. Kifè mwen te di, “Ebyen,” mwen te di, “èske . . . Ou vle di ke w te ka pale ak kanmarad sa a pou l ta di w kijan l te fè fè sa?”

Li te di, “Wi, mesye, se sa m vle di.”

Mwen te di, “Ebyen, sa se—sa se yon bon bagay.”

¹³⁸ Mwen t ap manje youn nan pòm li yo. Ti gèp yo t ap poze sou yo la a, ou konnen, nan sezon otòn lan, nan mwa out la. Kifè mwen te gen ti pòm sa a, e m t ap manje l. E m te di, “Sa se yon pòm ki bon anpil.” M te di, “Depi kilè pyebwa sa a te la?”

¹³⁹ “O,” li te di, “mwen te plante pyebwa sa a la, trant oswa karantan de sa, oswa yon bagay konsa.”

¹⁴⁰ “Wi, mesye.” M te di, “M ta jis renmen poze w yon kesyon.” Mwen te di, “Kouman sa fè fèt . . . Mwen wè pòm sa yo te tonbe sot nan pyebwa sa a, epi fèy li yo ap tonbe, e la nou sèlman nan mitan mwa out la.” E m te di, “Nou pa t menm gen yon peryòd fredri, nou pa t menm gen jiv glase oswa nenpòt bagay la, e poutan fèy yo ap tonbe sot nan pyebwa sa a. Poukisa se konsa?”

Li te di, “Sèv la te kite pyebwa a.”

“O,” mwen te di, “ki kote l te ale?”

Li te di, “Anba nan rasin yo.”

Epi m te di, “Alò konbyen tan l ap rete anba la?”

Li te di, “Jouk prentan.”

¹⁴¹ Epi m te di, “Apre sa l ap remonte, pou ap ba w nouvo fèy pou fè lonbraj, nouvo pòm pou manje.”

Li te di, “Se sa. Se egzakteman sa.”

¹⁴² Mwen te di, “Ebyen, mwen vle mande w yon bagay, mesye. Ou pale de kanmarad sa yo ki pa konn de kisa y ap pale.” M te di, “Èske w ka eksplike m ki Entèlijans ki fè sèv sa kite pyebwa sa? Si l ta rete la pandan sezon fredri a, pyebwa a t ap mouri. Ou t ap touye pyebwa sa. Jèm lavi a nan sèv sa.” Kifè m te di, “Sa t ap touye pyebwa a. Ki Entèlijans ki fè sèv sa a kite pyebwa sa, desann nan rasin yo, pou rete jouk sezon prentan an, epi retounen ankò pou bay plis pòm?” M te di, “Metè dlo nan yon bokit epi metè l sou yon poto, pou wè si, an out, l ap desann anba poto a epi retounen nan sezon prentan. Ou wè?” Mwen te di, “Gen kèk lwa, gen yon lwa lanati. Gen yon Entèlijans kèlkonk ki etabli lwa sa. Non sèlman sa, men menm Entèlijans sa dwe opere lwa sa, ki fè l desann nan rasin pyebwa a, pou retounen ankò.”

Li te di, “M pa t janm panse a sa.”

143 Mwen te di, “Èske w ka . . . Si jamè ou ka jwenn Entèlijans ki fè sèw sa a kite branch pyebwa sa yo, desann nan rasin yo pou retounen ankò, se menm Entèlijans ki te di m laba jou swa sa a, ‘Ale, mete mouchwa sa sou fanm lan.’”

Li te di, “Ou se predikatè sa a?”

Mwen te reponn, “Wi, mesye, se sa.”

144 Lane pase mwen te laba (li te mouri), kote vèw li a te chita sou galri a, ap kale pòm, ki soti nan menm pyebwa sa. Frè . . . Dabò yo ta pral mete nou deyò, yo pa t konnen kimoun nou te ye. E m t al fè manzè konnen sa, ke misye te bannou pèmisyon. E m te rakonte l s ak te pase, li te di, “Li te fè yon konfesyon konplè sou Kris anvan l te mouri.”

145 Ou wè, kisa pyebwa sa a fè, ki Entèlijans ki fè sa desann? Se yon lwa. Se yon lwa ke Bondye te etabli. E lwa sa se lwa Bondye k ap pran kontwòl sijè a. Amèn.

146 Ou konnen, m pa fè ka jan w kriye fò, pou di—di kounye a, “Sa p ap fèt, solèy la p ap klere ankò sezon ete sa a.” L ap klere, kanmenm. Kantite fwa w ap di, “Mwen—mwen—mwen p ap kite lannwit rive.” L ap rive, kanmenm. Paske bagay sa ke n ap viv sou li a, ki rele mond lan, li kontwole pa yon lwa Bondye.

147 Kounye a, frè ak sè, mwen vle mande nou yon bagay. Alò, si nou ne de nouvo ak Lespri Bondye . . . Bondye pa gen ti pati fèb ak gwo pati fò, Li se Bondye tout ansanm! E si ou te gen ase Bondye nan ou, opwen Se ta jis apèn yon lonbraj, sa se ase pwisans pou kreye yon nouvo tè. Sa se ase pwisans pou fè yon nouvo lalin ak yon nouvo sistèm. Se Bondye, e sa fò! Epi kounye a menm chak kwayan isi a gen Lavi Etènèl, ki se, Lespri Bondye nan ou; ase Pwisans ki va resisite mò, ki va geri malad, ki va mete òbit yo nan kondisyon yo. Men pou oumenm, sa kontwole pa yon lwa, Lespri sa a ki nan ou a. Nou se pitit gason ak pitit fi Bondye. Menm Lespri sa ke w gen nan ou a, va resisite w jou rezirèksyon an.

148 Jezi, lè Li te isi a sou tè a, lè L te mouri, nanm Li te desann nan lanfè, “Epi li t al preche espri yo ki te nan prizon, nanm sa yo ki te nan prizon, ki pa t repanti lè tan pasyans jou Noye yo.” Kò l t al nan kavò a. Men anvan L te mouri, Li te remèt Lespri Li nan men Bondye. Lespri L t al jwenn Bondye, nanm li t al nan lanfè, epi kò L t al nan kavò a. E Jezi te gen anpèchman soti nan rezirèksyon jiskaske Ekriti a te ka akonpli. Li pa t ka retounen, paske Li te oblije rete nan kavò a pandan twa jou twa nwit. Men lè tout Ekriti a te akonpli, yo te retire anpèchman an; Lespri L te desann al nan nanm Li, nanm Li nan kò Li, e Li te resisite.

149 E lè nou mouri, nanm nou pral anba lotèl Bondye; kote m te gen privilej pou m wè, kèk maten de sa, jan nou konnen an, nan vizyon an, kote Bib la fè konnen an, “Lespri nou pral jwenn

Bondye Ki te bay li, e kò nou va retounen nan pousyè tè a.” Men yon jou, lè Ekriti a va akonpli, Bondye pral libere lespri nou, ki pral ranmase nanm lan, epi nanm lan a kò a. E Pwisans ki pral resisite nou an, lan nou kounye a menm! Kounye a nou nan lye Selès. Kounye a nou nan Pwisans rezirèksyon an.

¹⁵⁰ Si pa t gen yon lwa pou sa, pitit gason ak pitit fi Bondye yo ta kreye yon mond pou yo laba epi al viv yon vi prive sou li. Ou gen Pwisans nan ou pou fè l. Si w gen yon lonbraj Pwisans Bondye nan ou, ou gen Pwisans pou fè l. Bondye omnipotan. Ou wè sa m vle di a? Pwisans ki nan ou a va fè, ke w ka pale pou fè yon mond vin alegzistans epi al viv sou li. Alelouya! Se sa l ye.

¹⁵¹ Se sa Pouvwa ki nan Legliz la ye kounye a, men li kontwole pa yon lwa. E lwa sa a se pa “obsève yon bann kòmandman.” Se yon lwa lafwa. Jezi di, “Tout bagay posib pou sa yo ki kwè.” E si w ka kwè sa, pe enpòt sa Bondye va kondui nanm ou pou kwè a, se pa w. Tout kote pla pye w ka poze, pa lafwa, Bondye ba ou l. Amèn! Se pa w, ou posede l, si w ka jwenn kle pou lwa lafwa sa ki louvri l pou ou. Ou wè sa m vle di a? Pwisans sa kontwole pa . . . Si w se yon pitit gason Bondye, ou se yon pitit fi Bondye, sa pa janm kite w. Li avè w tout tan. Men, fwa ou elwaye l de Li, men Li toujou la. Alelouya!

¹⁵² Lè w sove, Bondye ba w lafwa pou resisite soti nan labou tè a. Fwa w genyen batay la sou bagay monn lan. Kisa fwa w ye? Fwa w nan travay sa a ke Bondye te fè nan ou a, pou rann ou yon pitit Bondye. Ou kite bay manti, ou kite vòlè, ou sispann bwè, paske fwa ou elve w pi wo pase sa. Amèn. Si w pa fè l, ou pa gen ankenn fwa. “E se pa lafwa nou sove, e se atravè lagras.”

¹⁵³ Menm kantite fwa w va degaje a, se menm kantite Pwisans ou ka genyen, paske nan ou gen Pwisans pou fè Syèl ak tè a. Bondye abite nan nou, e nou se pitit gason ak pitit fi Bondye. Amèn! Men ou. Men, se fwa pa w. Jezi te di, “Ke sa fèt pou ou, selon fwa w. Si w ka kwè, tout bagay posib. An verite, Mwen di nou, si nou di montay sa a, ‘Deplase,’ epi pa doute, men kwè sa ke w te di a!”

¹⁵⁴ Alò ki kalite moun nou ta dwe ye, lè n gen lafwa nan gran Kris redanmtè sa k ap viv nan nou, Woche frape sa a ki pa janm kite Legliz? “M ap toujou avèk nou, menm jouk nan fen mond lan,” Prezans an pèmanans gran sali ak Pwisans k ap djayi e ki te devèsè soti nan Kalvè a pou al nan Legliz la, Prezans an pèmanans Bondye vivan an, gwo Woche frape, k ap koule a, ap mache avèk nou nan vwayaj nou an.

¹⁵⁵ Izrayèl te pèdi lafwa li. Yo te kite santye a. Yo te kòmanse gen anvè pou chodyè vyann yo. Si yo te rete ak lafwa, epi kwè ke Bondye ta pral mennen yo nan peyi a, pa t ap gen anyen pou anpeche yo. Yo te deja louvri lanmè, yo te frape lènmi yo ak fleyo, yo te krisifye lènmi yo te kite dèyè yo, e yo te mache al nan peyi a, e toujou yo pa t ka gen lafwa pou kontinye jouk nan pwomès la.

156 Jozye ak Kalèb te gen fwa sa a! Yo te di, “Nou plis ke kapab pou konkeri nenpòt sa ki ta vin devan nou.”

157 Se sa pwoblèm lan ak legliz. Nou ka konkeri tout maladi. Nou gen Pwisans la lan nou. Nou se pitit gason ak pitit fi Bondye, anyen pa ka kanpe devan nou. Yon sèl bagay, Li vle jwenn yon moun ki va kwè sa, ki va kwè sa Bondye te deja fè pou ou. Pa ke nou *pral* ye; nou se sa kounye a! E Prezans an pèmanans vivan Lespri a avèk nou. Amèn! Men ou.

158 Se sa m te vle di lè m te pale de sijè a maten an, *Dlo Toujou Prezans K Ap Soti Nan Wochè A*. Dlo toujou prezans k ap soti nan Wochè a isit a kounye a menm, Dlo toujou prezans sa k ap soti nan Wochè frappe sou Kalvè a. Lè Sentespri sa a te soti nan Li sou Kalvè, sa te retounen nan Legliz Jou Pannkot la, menm Sentespri sa a prezans maten an. E Li ban nou yon pwomès!

159 Se pou rezon sa, lè m prezante devan moun malad la, lè L te komisyone m laba, mwen kwè l; Bondye te di sa! Se konsa vizyon yo akonpli; Bondye te pwomèt li! Bondye pa ka manti.

160 Kwè! Ou oblije kwè l. Dwe gen yon Bagay la, louvri amòtisè sa a, louvri bagay sa a pou kite w antre sou li. Sa nou bezwen jodi a se pa priye pou plis Pwisans. Ou gen ase Pwisans pou fè yon nouvo tè. Sa w bezwen se lafwa pou itilize Pwisans sa a. Sa w bezwen se kontwòl vi sa, epi viv yon vi tèlman sen, ke lè w mande Bondye nenpòt bagay la, ou konnen! Nou gen konfyans nan Bondye, pou sa. Nou konnen, si nou kenbe Komandan L yo, Li p ap refize nou ankenn bon bagay, si nou mache avè L. Bondye ap mache avèk nou. O o, la la!

161 Yo te gen yon sèl bagay pou fè. Yo te gen yon sèl bagay pou fè, se, rete dwat sou wout la. Pa ap trennen *pa si*, epi ap trennen *pa la*; men rete rete sou wout la! Legliz la gen yon sèl bagay pou fè, rete sou wout la! Yo te gen yon Kolòn Dife, ke yo te genyen, pou pèmèt yo rete sou wout la nan swiv Kolòn Dife sa a. Se sa k te kondui yo. Bagay konkrè pa yo ke yo te ka wè, se te Kolòn Dife sa a. Yo te wè L ap travay atravè Moyiz, e yo te konnen ke l te lidè sa.

162 Jodi a nou gen Pawòl la. Nou swiv Pawòl la. E nou wè Pawòl la ap travay nan kwayan yo, e nou konnen ke se sa, lè sa. Bondye ap travay avèk nou, ap konfime Pawòl la ak siy k ap swiv yo! Nou rete ak Pawòl la. Pawòl la pwodui rezilta yo.

163 Yo te rete avèk Moyiz. Paske, Kolòn Dife a, Moyiz t ap swiv Sa. E yo te swiv. Lè yo te kòmanse vire kont Moyiz, pou ap pale kont Bondye e kont Moyiz, yo te t ap trennen sot yon kote al yon lòt. Pwoblèm te vini. Sèten.

164 Nou rete ak Pawòl la, e Pawòl la pwodui siy. Jezi te di, “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè Pawòl la.” Ou wè, sa rete avèk . . . Ou rete ak Pawòl la, Pawòl la pwodui siy yo. Men, Moyiz, kisa l te fè?

165 Yo t ap ekate yo, e kisa yo te fè? Yo te kite santye a, e yo te pèdi sous dlo yo a.

166 Mwen panse ke se sa legliz fè jodi a. Li pèdi pakou Ekriti a. Yo te tonbe nan ism. Yo te tonbe nan ti bagay yo pa ta dwe fè. Yo te adopte dè bagay. Yo te adopte bagay tankou Kredo Apot. Ki kote w jwenn sa nan Bib la? Yo te adopte katechis ke yo li. Yo te adopte denominasyon olye de yon eksperyans. Yo te adopte bay lanmen olye de yon eksperyans ne denouvo. Yo te adopte awozaj olye de batèm nan dlo. Yo te adopte yon fòmil movè, “Pè, Fis, ak Sentespri,” alòske pa gen yon bagay konsa nan Bib la. Bib la di, “Nan Non Jezikri!” Gen yon sèl bagay pou fè si w vle menm Dlo sa a, se retounen nan wout la ankò. Retounen sou . . . Li pa t ale; Li toujou la. Ou pran kredo olye de Kris. Ou elwaye w an kolè.

167 Youn di, “Ebyen, mwen se Metodis.”

Lòt la di, “Mwen se Batis.”

Sa montre ke w pa yon Kreyen, lè sa. Nou se pa Kris! Nou fè pati de Li.

Ou di, “Ebyen, si, mwenmenm, se yon Batis?”

Si se tout sa w ye, alò ou pa pou Kris, ou se yon Batis.

Ou di, “Ebyen, mwen se Pannkotis.”

Si w jis Pannkotis atravè denominasyon, se tout sa w ye.

168 Men, si w te gen eksperyans pannkotis la! E Pawòl pannkotis la pral mennen yon eksperyans pannkotis! Swiv menm bagay disip sa yo te fè a, rete anwo la jiskaske w ranpli ak Sentespri a.

169 Epi si sa w genyen an kontrè ak Pawòl la, ke lespri ki nan ou a ale kontrè ak sa Pawòl la di, alò se pa Sentespri a. Se dyab la k ap imite Sentespri a. Ou wè ki kote n ye nan sa? O, kèk nan nou te pale an lang, nou te pran kriz ap rele fò ak bagay konsa, pou nye tout lòt bagay sa yo. Nou te andire tout sa ki pa t nan Ekriti a pou antre nan legliz. Ki kote nou rive jodi a? Nou retounen nan yon lòt dezè, òganizasyon pay chèch. Nou te òganize, e nou te pèdi Dlo nou an. Se egzaktaman sa Pannkotis te fè. Lè l te kòmanse òganize, li te kòmanse koupe fache ak fratènite, pou ap di, “Ebyen, kounye a nou p ap asosye nou, si nonm sa a kwè *sela*.”

170 Kontinye, rete avè l jouk li rive nan Pawòl Verite a, nan konesans Verite a. Kèlkeswa sa l ye a, pase sou sa, nenpòt jan an. Jis kontinye, rete tankou frè.

171 Men, o, nou te oblije òganize, epi di, “Ebyen, paske nou pa Initè, paske nou pa Binitè, oswa Trinitè, oswa tankou *sesi*, nou p ap gen okenn fratènite avèk nou.” Alò lè nou fè sa, kisa nou fè? Nou mennen tèt nou drèt nan yon dezè ankò. Se vre!

172 Men, sonje, lè Izrayèl te soti kite wout la, trajektwa pou al nan tè pwomiz la, Woche a pa t janm kite yo; Li te rete drèt la,

menm bagay pou dlo a. Se konsa pou Sentespri a, l ap rete drèt la. Nou pa oblije tounen dèyè.

173 Bon, la a Bondye ap anseye nou yon bagay fòmidad. Bondye ap anseye nou la yon leson. Kris te frape yon sèl fwa, pou ban nou yon eksperyans pannkotis, yon fwa, pou tout. Kounye a, lè Woche sa a te frape, Li pa t gen pou yo te frape L ankò. Li te frape yon sèl fwa.

174 Moyiz te komèt yon erè nan frape Li yon dezyèm fwa, sa ki te montre feblès fwa li nan Ekspyasyon an. Men lè yo te frape Kris yon fwa a, nou konnen Li p ap gen pou frape ankò. Ebyen, kisa Moyiz t ap fè la? Moyiz t ap tabli yon nouvo bagay, t ap eseye fabrike yon nouvo bagay.

175 E se fason sa a manm klèje nou yo te fè jodi a. Yo te eseye fabrike yon nouvo bagay. “N ap fè tèt nou vin Asanble de Dye. N ap fè tèt nou vin Legliz de Dye Pannkotis. N ap fè tèt nou Konsèy Jeneral. N ap fè tèt nou *sesi sela*, oswa se *lòt bò*.” Se pa sa Bondye te fè. Se pa t lide pa L.

176 Kris te frape yon fwa. Sa se eksperyans orijinal la. Sa se fason orijinal la. Nan Jou Pannkot la, Pyè te di, “Repanti, nou chak, epi batize nan Non Jezikri.”

177 “Nou awoze nan non ‘Pè, Fis, Sentespri,’ nou bay tout kalite kredo ak tout lòt bagay osijè de Li.” Lè nou soti kite Pawòl la, se pa etonan nou pa ka rive okenn kote. Ou wè?

178 Bondye anseye nou yon leson. Moyiz pa t sipoze di, “Kounye a nou pral kòmanse yon nouvo bagay la kounye a, epi n pral òganize e n ap fè legliz Katolik.” Se premye bagay yo te fè. Non, answit apre yon ti tan, “Ebyen, n ap kòmanse yon nouvo bagay soti nan sa, n ap fè Literyen.” Apre sa Anglikan te vini, answit Batis, ak kisa ankò, epi Kanbelit yo, ak Legliz de Kris, ak antikris, ak tout lòt bagay. Ou wè, yo tout te kòmanse ale, youn apre lòt, youn apre lòt, ap fè denominasyon ak òganizasyon. Se pa t sa. Ou wè kisa yo t ap fè la a? Yo t ap frape Woche a ankò, pou kòmanse yon nouvo bagay. Nou pa bezwen yon nouvo doktrin.

179 Chak moun nan Bib la te batize nan Non Jezikri. Chak moun nan Bib la ki te resevwa Sentespri a, te vini nan fason Bondye, egzaktman fason Bondye te preskri l la. Yo te fè menm bagay la. Yo te fè menm eksperyans lan. Menm siy yo te swiv yo. Menm zèv yo te swiv yo. Poukisa? Yo te viv de Woche a. Yo te gen menm Dlo a.

180 E, jodi a, rezon ki fè nou gen tèlman anpil kredo ak denominasyon, se paske n ap kòmanse yon nouvo bagay. Nou pa bezwen anyen nouvo. Retounen!

181 Moyiz pa t sipoze frape Woche a ankò, pou kòmanse yon nouvo bagay. Li te sipoze pale avèk yo, konsènan Woche orijinal la. O, m espere w sezi sa! Moyiz te sipoze pale de Woche frape,

orijinal la; pa ap eseye frape L ankò, pa ap eseye kòmanse yon nouvo bagay, men pale a ansyen Bagay la!

¹⁸² Bondye, ede m! Si m mouri yon endijan, sou chè a, m ap pale de Woche orijinal la! M ap pale de eksperyans orijinal la. M ap pale de Ekriti orijinal yo ki te ba yo batèm Sentespri a, “Repanti, nou chak, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche nou yo, e nou va resevwa don Sentespri a.” Dlo toujou Prezan k ap koule sot nan Woche a toujou avèk nou. L ap pwodui menm bagay la. L ap pwodui vizyon. L ap pwodui gerizon. L ap pwodui pwofesi. L ap pwodui tout bagay ke yo te fè yo.

¹⁸³ Lè Izrayèl te aliye l ankò avèk Ekriti yo, pou yo te retounen sou wout la, yo te rantre nan latè pwomiz. Men sa te pran yo karantan.

¹⁸⁴ Pannkot la fè apeprè karant oswa senkant, ap vire anwon nan dezè a. Retounen nan Woche a! Li devan je w. Men ni, ekri la menm nan Pawòl la. Sentespri a isi a ap fè menm bagay ke L te toujou fè, kidonk Dlo toujou Prezan an isi a. Jis retounen jwenn Li, retounen nan ansyen an, orijinal la. Kijan l te ye nan orijinal la?

¹⁸⁵ “Ebyen, yo te bay lanmen ak predikatè a”? Pa gen bagay konsa. “Yo te batize nan non ‘Pè, Fis, Sentespri’”? Pa gen bagay konsa. Pa gen ankenn moun nan Bib la, nenpòt kote a, oswa deyò, twasan zan deyò Bib la, ki te janm batize nan non “Pè, Fis, Sentespri.” Sa se yon kredo Katolik, pa yon doktrin Bib la. Ou wè?

¹⁸⁶ Yo te gen Sentespri a. Siy sa yo te swiv sa yo ki te kwè. L ap fè l ankò jodi a. Woche sa jis toujou vivan menm jan Li te toujou ye a, Woche frape sa a!

¹⁸⁷ Piga di, “Ebyen, kounye a vini la epi rantre nan legliz Pannkotis nou an, antre nan domèn Pannkotis nou yo.” “Non, vini epi fè w manb Batis, oswa Metodis, oswa Presbiteryen, oswa Katolik.” Kisa sa ye? Sa a se frape Woche a ankò, ap eseye kòmanse yon nouvo bagay.

¹⁸⁸ Di yo, “Repanti, epi batize nan Non Jezikri,” pou padon peche pa yo, “e siy sa yo va swiv sa yo ki kwè.” Kounye a ou retounen sou wout la, retounen nan menm Dlo a. Menm Dlo a va bay menm rafrechisman yo. Li va bay kò a menm koreksyon yo. Li va bay menm pouvwa pirifikasyon an. Li va bay menm pouvwa gerizon an. L ap fè menm bagay Li te fè lè sa a, si nou sèlman retounen jwenn menm Lespri a.

¹⁸⁹ Lavi nan yon pye rezen ap pwodui rezen. Si sa te fèt lane pase, l ap pwodui menm bagay la ane sa a. Sa se yon lwa Bondye. Lwa Bondye a sè ke, si sa a se yon pye rezen, kite l trankil, li va pwodui rezen. Ou ka grefe l ak yon lòt bagay, men apre sa kite l trankil epi l ap retounen la menm ak menm rezen yo ankò.

190 Kidonk nou te grefe legliz la ak doktrin Pannkotis, ak doktrin Batis, ak doktrin Metodis, ak doktrin Presbiteryen, ak—ak doktrin Anglikan, ak tout lòt kalite ism. Pouki nou pa kite l trankil? Retounen sou Pye Rezen an, li va retounen ak menm Pwisans lan. Amèn! Amèn! M renmen sa.

191 “Kòmanse yon nouvo bagay.” Nou te fè menm bagay la. Se pa ap eseye montre otorite nou. “Doktè *Entèl entèl* se fondatè *Tèl e tèl* gran legliz ki pou *entèl entèl e tèl*.” Se pa t sa.

192 Se sa Moyiz te di, “M ap montre yo sa m ka fè. M ap mennen l, nenpòt fason an!” Li te frape L, sa pa t vini. Li rele fò ankò, “Montre sa m ka fè!” Bondye te regle avè l pou sa.

193 Ou pa panse ke, si w “jis akwoche w a kèk denominasyon.” Bondye va regle avè w pou sa. Se egzakteman sa. Ou dwe retounen a orijinal sa a. Retounen.

194 Jis pale ak moun yo. (Piga w di yo, “Vin fè w manm legliz nou an. Vin resite kredo nou an.”) “Retounen epi repanti w, epi batize nan Non Jezikri, pou padon peche w yo; e ou va resevwa don Sentespri a, si kè w dwat. E siy sa yo va swiv kwayan yo. Yon gwoup kwayan, siy sa yo va akonpaye yo.” Poutèt kisa? Woche a, Woch ki frape a ak Dlo Lavi Li yo k ap djayi la menm, k ap pwodui menm bagay ke Limenm te fè la. Sa jis pa ka anpeche l. O, wi.

195 Nou vle ap vante tèt nou, pou di, “Nou se Metodis, epi Batis.”

196 Jis pale ak Woche a, Li se Prezans tout tan an. Pa eseye fè w manm Li. Mwen te “fè m manb” anba la. Pa eseye vin manb avè L. Ou pa ka vin manb avèk Sa, se yon bagay ki sèten. Ou ka vin manb Metodis, ou ka vin manm Batis, ou ka vin manm Pannkotis, ou ka vin manm Anglikan, men ou pa ka vin manm Sa a. Non. Ou dwe ranpli ak Sa. Pa fè w manm avè L; jis ranpli avè L. Se tou. Li ranpli ak kisa? Ranpli ak Pwisans, ranpli ak Lespri, ranpli ak Lavi, ranpli ak lajwa, lapè, pasyans, jantiyès, bonte, Pwisans Sentespri a nan lavi w, paske Prezans etènèl la la a. Sonje.

M ap klotire paske li fin ta.

197 Men, sonje, Woche sa pa t janm kite yo. Li pa t janm kite yo tout bon. E Kris p ap janm kite nou; Kris te di, “M ap avèk nou tout tan, menm jouk nan fen mond lan.” Èske se vre? E Woche sa te rete avèk yo sou tout wout la depi Orèb jouk Nebo. Li te fè sa. Desann nan Jouden, Li te toujou la. O Bondye, mwen vle wè L nan Jouden an!

198 Moyiz, lè l te nan Jouden an, Woche a te avè l sou tout wout la. Epi li te kanpe anwo a la a, ap gade anba a yon—yon bann moun ki te retwograde e ki te elwaye yo de Bondye. Kè l te fèl mal pou yo. Epi li te gade lòt bò Jouden an. Men li ki te bò Jouden an. Jouden, espiritiyèl la, ke m ap pale a. E men li ki te kanpe la, lanmò t ap prepare pou al avè l. Men li te gade, bò kote l la te

men Woche a ki te etann. Li te jis monte sou Woche a, epi Zanj yo te vini, yo te pote l ale.

¹⁹⁹ “Mwen p ap janm kite w ni abandone w.” Kèlkeswa jan tan yo vin difisil, jan nou vin vyeyi, ki jan de lanmò nou mouri, sonje, Woche a va la nan Jouden an. Li p ap janm kite oswa abandone w. Jis sonje sa. Dlo toujou Prezan k ap soti nan Woche a ap avèk nou toutolon lavi a, e menm nan Jouden an.

²⁰⁰ Ann koube tèt nou. [Yon frè bay yon egzòtasyon—Editè a.]

²⁰¹ Pandan Lespri sa ap bouje nan mitan nou, Lespri Bondye ki ap bouje nan mitan nou, èske ta gen la maten an sa yo ki pa konn Kris, e ou—ou pa pre Woche sa, ou pa an bontèm pou pale avè L maten an? Men ou konnen ke L prezan. Ap gade L k ap travay toupatou, wè L ap bouje toutotou, wè L ap bouje nan moun yo. Sa se Prezans tout tan Dlo a. Sa se sali a. Sa se Lespri k ap ranpli koup yo nan yon pwen ke yo pa ka pe bouch yo ankò, yon bagay dwe rive. E ou pa konnen L, èske w ta renmen leve men w pou di, “Priye pou mwen, Frè Branham. Kounye a mwen vle konnen L. E mwen vle pale avè L, e mwen vle konnen L antanke plenitud Lespri Li. Mwen vle konnen ke Li jis bò kote m, tout tan. Mwen kwè Li la. Men mwen vle an bontèm pou ka pale. E mwen swaf, e mwen grangou pou Bondye. Mwen vle konnen L pi byen?”

²⁰² Bondye beni w, mesye. E Bondye beni w, mesye. Epi oumenm, frè. Oumenm, wi, nan fon dèyè a. Anba la a, dam sa, wi. Wi, madam. Nou wè men w, e Bondye wè yo. Bondye beni w, jènòm. Bondye beni w. Epi oumenm, madam. Amèn. Bondye beni w. Beni w, sè. Yon lòt moun kounye a, nan moman silans sa. Bondye beni w, byen lwen dèyè la, jèn zanmi.

²⁰³ Panse a sa. Panse a sa, Prezans tout tan Dlo k ap sot nan Woche a, menm Lespri sa; ke L t ap rele fò laba a jou jijman an pou Li a, lè L te pran jijman pa nou an. Epi baton kòlè Bondye a te frape L, epi peche w yo te vlope nan baton sa a, e sa te frape L, epi San ak dlo Li te koule soti nan Li. Li te di, “Papa, mwen remèt Lespri M nan men W.” E Jou Pannkot la, Li te vini pou akonpaye nou nan vwayaj la. E Sa tèlman pwòch la.

²⁰⁴ Èske w pa ta renmen di, “M te devye byen lwen de lakay mwen, Seyè, m ap retounen lakay?” Pandan n ap chante sa a, si w ta renmen dirije w sou lotèl la pou yon rekonsekrasyon, pou nanm ou, tou, pou Kris? Amèn.

Mwen te elwaye byen lwen Bondye, (kite chemen an.)

Kounye a m ap tounen lakay;

Nan chemen (Enkredilite, ou wè.) m t ap mache depi twò lontan,

Seyè, m ap tounen lakay.

Tounen lakay, tounen lakay,

Pou pa janm vagabonde ankò;

Louvri byen laj bra lanmou W yo,

Kounye a, Seyè, m ap tounen lakay.

²⁰⁵ [Frè Branham ap fredone *Seyè, M ap Tounen Lakay*—Editè a.]

²⁰⁶ Twa ti jèn gason jis ap avanse tou dwat, byen vit, dlo nan je yo, ajenou bò lotèl la. Natirèlman, yo jwenn padon yo. Yo te padonnen anvan menm yo te kite plas yo, lè yo te pran ti desizyon yo a. Yo jis te apwoche epi te mete yo ajenou la, pou fè moun yo konnen ke, nan ki kote yo pozisyon, maten an.

²⁰⁷ Mwen ta panse ke ta gen kèk moun pi aje ki ta renmen fè sa, jis tankou mete w ajenou, pou di, “Seyè, mwen—mwen te elwaye m byen lwen wout la. M te sitèlman gen dout, e pafwa m te elwaye m epi m te tonbe nan peche. Kounye a mwen—mwen vle retounen anvan l twò ta. Bondye, mwen—mwen ta renmen vini. M ta jis vrèman renmen vini epi mete m ajenou.” Amèn.

²⁰⁸ Kounye a, twa ti jèn fi Arthur Beam yo, apeprè menm wotè, yo te avanse la, yo te mete yo ajenou.

²⁰⁹ Yon ti jèn fi ap vini la a ki fèk gen yon ti nouvo frè lakay li. Lòt jou mwen te jis chita la; Madam Wood te vini pou di m, te di sè sa ta pral lopital pou akouche yon bebe. Sentespri a te di, “Al di yo ke se va yon ti gason.” Lè l te fèt, se te yon ti gason.

²¹⁰ Sanble ke se sèlman timoun maten an, ti zanmi yo ki t ap soti nan ti klas Sè Arnold la, ki ap konsakre vi yo. Lotèl la annantye, sou bò dwat mwen, ranpli ak timoun piti.

²¹¹ Li t ap bèl si nou ta chante yon kantik, lotèl la, pou rès moun yo, granmoun yo.

Kounye a, Seyè, m ap retounen lakay.

M ap retounen lakay. . . (. . . ? . . .)

Pou pa janm vagabonde ankò;
Louvri byen laj bra lanmou W yo,
Kounye a, Seyè, m ap tounen lakay.

²¹² Annou koube tèt nou jis yon moman, pou lapriyè, pou ti zanmi sa yo.

²¹³ Papa nou ki nan Syèl la, si gen yon demen k ap vini, si Jezi ta tade pou yon lòt dis oswa kenz lane, sila yo se pral ti jèn gason ak tifi ki va pote Mesaj sa a bay lòt jenerasyon k ap vini an. Pa gen dout nan panse m, Seyè, ke tout jou nan vi yo yo va sonje yo te vin sou lotèl sa a. E yo se ti bijou, Seyè. Ti kè jèn e sansib yo te kondane yo maten sa. Yo pa t menm tandè tout Mesaj la; yo te jis soti nan sal la, t ap tandè Sè Arnold nou an ap pale; yo te monte vin ozalantou lotèl la la, pou ba W ti vi yo.

²¹⁴ Kounye a, Papa, mwen fèk sot di ke Sentespri a abite nan nou. E Sentespri sa a, lafwa ak Lespri sa a, fè tout bagay. E mwen kwè ke nan moman sa a menm, Ou padonnen tout peche yo te komèt. E m ap mande W, ak tout lafwa ki nan kè m, ke Ou va

kenbe ti vi yo sou wout la. Ke yo pa janm elwaye yo de Chemenan.

²¹⁵ Sa se vrèman yon bagay etranj. Lespri a te di maten an, nou t ap “wè yon bagay etranj.” Bondye, si W te sispann trete ak lòt yo, pran timoun piti yo. Jan maten an, nan apèl alotèl la, pa gen yon sèl granmoun, men se tout gwoup timoun yo ki te vini. Poutan, se te yon gwo Mesaj difisil pou konprann, menm pou granmoun, men timoun yo te sezi Lespri L. Nou di W mèsè pou yo, Papa. Mwen ba Ou yo, antanke sèvitè Ou, kòm twofe reyinyon sa a; paske, n ap sonje ke Prezans tout tan Dlo Lavi a va koule pou yo osi lontan ke y ap viv. Ke yo gen lafwa kounye a jis nan sa k ap pase la, ke Bondye ki te rale yo soti nan chèz la e ki te voye yo monte la, ke yo gen fwa nan Bondye sa a tout jou nan vi yo. Ke ti lespri yo al jwenn Ou jou lanmò yo; pou retounen nan kò yo jou rezirèksyon an. Se pou Ou yo ye, Papa. Nou ba Ou yo atravè Non Jezi.

²¹⁶ Pandan nou gen tèt nou bese. M ap mande tout timoun sa yo devan lotèl la, ki kwè ke Jezi se Sovè yo epi Sila Ki te di w, dèyè a la nan asanble a, pou vin monte isi a epi mete yo ajenou arebò lotèl sa a. Èske w kwè ke Jezi renmen w epi padone peche w? Mwen vle pou nou tout leve kanpe sou pye nou epi gade dèyè la nan asanble a. Sa a, se fason ke w ka di moun yo ke w kwè ke Jezi sove w. Kounye a leve kanpe sou pye nou, se sa, epi gade drèt dèyè a nan direksyon asanble a. Nou tout ti jèn gason ak tifi ki renmen Jezi, leve kanpe epi vire gade nan direksyon kongregasyon an la, nou chak.

²¹⁷ E nou menm ti jèn fi yo devan la? Èske nou kwè? Èske nou renmen Jezi? Ti jèn fi sa yo la, èske nou renmen Jezi ak tout kè nou? Èske se vre? Ou renmen L? Ou renmen L, ti cheri? Kanpe la a, fè moun yo konnen ke w renmen Jezi. Bondye beni w.

²¹⁸ Kounye a ann vire tounen nan direksyon *sa a* epi chante pou moun sa yo anvan nou kite, “Jezi renmen m! Mwen konn sa, Bib la di mwen sa.” Ou wè? Annou jis leve men nou pandan n ap chante l kounye a. Dakò, ann chante l.

Jezi renmen m! Mwen konn sa,
Paske Bib la di mwen sa;
Timoun yo se pou Li,
Yo fèb. . .

²¹⁹ Kounye a leve men nou. . . ? . . . Nou tout ansanm:

Wi, Jezi renmen m,
Wi, Jezi renmen m,
Wi, Jezi renmen m,
Bib la di mwen sa.

²²⁰ Kounye a nou tout repete apre m: Mwen kwè Jezikri se Pitit Bondye a. Jodi a, mwen aksepte L kòm Sovè pèsònèl mwen. Apati de jou sa a, kounye a, m ap renmen L epi sèvi L. Amèn.

221 [Frè Ben Bryant di: “Frè Branham, mwen gen kat timoun sou kè m nan moman sa. Èske w vle priye pou yo souple?”—Editè a.]
Se sèten m vle, Frè Ben.

222 Papa nou ki nan Syèl la, nonm sa a wè ke lòt timoun piti ap vin jwenn Kris, e li kriye fò, antanke papa, pou pwòp ti pitit pa l yo. E Espri ki te mennen ti moun sa yo sou lotèl la, ke menm Espri sa a sove pitit li yo, Seyè. Akòde l. Nou ba Ou yo, Papa, nan Non Jezikri.

223 Kounye a alò ke nou menm ti zanmi yo n ap retounen nan plas nou, Mwen vle tout moun nan ranje sa bay ti timoun sa yo lanmen, oswa pase men nan do yo pandan y ap retounen. Nou tout retounen nan plas nou, nan direksyon *sa a*. Epi ke tout moun toutolon la a jis tapote do ti zanmi yo. Epi nou renmen w ak tout kè nou. Nou se manm Kò Kris la, jis menm Jan ak rès nan nou yo.

N ap mache al Siyon,
Mèveye, mèveye Siyon;
N ap monte anwo al Siyon,
Mèveye Vil Bondye sa a.

Vini non, moun ki renmen L yo,
Epi fè yo konnen jwa nou,
Chante ansanm avèk dousè,
Chante ansanm avèk dousè,
Tout viwonn Twòn lan,
Tout viwonn . . .

Sa se bèl kantik ak pwisans! Ann leve men nou kounye a.

N ap mache al Siyon,
Mèveye, mèveye Siyon;
N ap monte anwo al Siyon,
Mèveye Vil Bondye sa a.

Annou jis bay youn lòt lanmen pandan n ap chante kounye a.

N ap mache al Siyon,
Mèveye, mèveye Siyon;
N ap monte anwo al Siyon,
Mèveye Vil Bondye sa.

224 Kounye a annou kanpe ak tèt nou bese, pandan n ap . . . Jwe li Frè Teddy, jis yon . . .

225 Mwen gen kèk rekèt la, ak mouchwa e latriye. Yo ka soti lòt bò dlo. Billy t ap di m yo te gen yon ti pè choson pou yon ti bebe ki sot lòtbò a an Angletè, apeprè longè *sa a*, ti zanmi an enfim nèt. E kidonk nou te dwe priye pou sa, tou.

226 E kifè . . . [Frè Ben Bryant di, “Frè Branham, ekskize m paske m antèwonp, men priye pou ke, sila ki frape machin nou an yè swa, sou bò dwat defans devan an, priye pou ke sa ka revele. Priye

pou Seyè a revele l.”—Editè a.] Amèn, Frè Ben, m ap fè sa sèten. [Frè Branham ap fredone *N Ap Mache Al Siyon.*]

227 Pandan n ap mache, Seyè, nou konnen ke Woche frape a jis bò kote nou toutolon, Prezans tout tan Dlo ki sot nan Woche a akonpaye Legliz. O Bondye Etènèl, relache pou nou, maten an, lafwa nan Bondye sa a ki avèk nou an. Mwen konnen W ap fè l, jis menm jan nou ka jwenn favè W, ke W ka fè nou konfyans avèk Sa. Si Ou ta bannou L annabondans, nou ta ka mal itilize L Seyè. Men si nou jwenn gras nan men W, fè l rive.

228 Frè nou di yon moun te frape machin li. O Bondye, nou konnen nonm lan pa gen lajan pou fè bagay sa yo. Mwen priye ke Ou va mennen kanmarad la a pran konsyans, oswa yon bagay konsa, ki ta fè l repanti poutèt li te fè sa, pou vini, epi di, “Frè, m ap ranje machin ou an, mwen te fè l.” Ede Frè Ben ak byenneme l yo.

229 Men mouchwa ak rekèt ki depoze nan men m, mwen gen lafwa nan Bondye sa. Moyiz te gen fwa nan Bondye sa, e l te travèse lanmè a. Danyèl te gen fwa nan Bondye, e sa te mennen l soti nan fòs lyon an. Chadrak, Mechak, ak Abèdnego, te gen fwa nan Li, e sa te etenn dife a.

230 Pòl te gen fwa nan Li, e yon jou lè sèvis yo te vin vrèman difisil e Pòl pat ka rejwenn tout moun, li te jis pran yon mouchwa, li te di, “Mwen kwè ke Bondye avè m.” Li te poze men l yo sou mouchwa yo ak tabliye yo, e movèz espri yo te kite moun yo, epi maladi ak soufrans te kite yo. Bondye, mwen gen fwa nan menm Bondye a. Ke mal la pati. Maladi, soufrans, ak aflikasyon, ke yo pati ale, Seyè.

231 Ou se menm Bondye a ki te pale avè m anba la nan Kolòn Dife sa, anba a bò rivyè a. Ou se Sila ki gen foto W pandye la avè m, sou miray la. Ou avèk nou, Seyè. Ou toujou prezan, menm Kolòn Dife sa. E nou te apresye Dlo ki sot nan Woche a chak jou, pandan n ap rantre nan Lespri a. Alò, Ou isi a. Nou gen konfyans nan Ou, Seyè. Nou gen fwa nan Ou. Nou kwè ke W ap wè nou epi ede nou. Pa pou glwa nou, Seyè; nou t ap tankou Moyiz lè sa, lè l te fè move bagay la. Nou vle fè yon bagay pou ede W, Seyè. Sa se entansyon kè nou, se ede Ou, si nou ka fè l. Montre nou, Papa, kèlkeswa sa W vle nou fè a.

232 E kounye a, sou yon ak lafwa, mwen kondane maladi ke mouchwa sa yo reprezante, epi rekèt sa yo. Yo va kite moun yo. Mwen konnen W ap fè l, Seyè. Mwen kwè sa, nan kè m, ke W va fè l. Geri tout maladi nan mitan nou maten an.

233 Sove sa yo ki te leve men yo, ki te di yo ta renmen vin kot Woche a, pou Dlo. Bondye, ke yo vin tèlman swaf jodi a, ke yo gen yon vi tèlman sale toutotou yo, jouk sa va lakòz yo swaf Kris la. Akòde l.

²³⁴ Avèk nou aswè a, Papa. O Bondye, kite m dekouvri, atravè rekèt sa yo, sa ki nan kè moun yo. Si pa gen anyen nan kè yo, alò, Seyè, ke W ban m yon bagay pou preche pou kè yo aswè a.


²³⁵ Beni Frè Neville nou an, ak madanm li, fanmi li; ti legliz nou an, administratè nou yo, dyak nou yo, manm nou yo. Epi Kò pa W tout kote, rete avèk nou, Papa. Nou remèt sa nan men W, nan Non Jezikri.

. . . Syon;
N ap monte anwo al Siyon,
Mèveye Vil Bondye a.

Kounye a annou jis chante l, tout bon, reyèlman pou Li kounye a. Ou wè?

Vini non, moun ki renmen L yo,
E fè yo konnen jwa nou,
Chante ansanm avèk dousè,
Chante ansanm avèk dousè,
Tout viwonn Twòn lan,
E tout viwonn Twòn lan.

Ak kè nou koube kounye a.

N ap mache al Siyon,
Mèveye, mèveye Siyon;
N ap monte anwo pou Siyon,
Mèveye Vil Bondye a. 

61-0723M Dlo Toujou Prezan K Ap Soti Nan Woche A
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papeyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org